# НЭХЬЭМИЙ И ТХЫЛЪЫР

# НЭХЬЭМИЙ И ТХЫЛЪЫР

ФӀыцӀагъэ ЛъапӀэр зэдзэкӀынымкӀэ институт
Мэзкуу, 2026

# Нэхьэмий и тхылъыр

ЗэзыдзэкIар Джыназ Заремэщ

Тхыгъэ ЛъапIэм щыщу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа тхылъхэм я электрон жыпхъэхэмрэ аудиощапхъэхэмрэ фэ къыщцывгъуэтыфынущ Тхыгъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ институтым и сайтым ibt.org.ru/ru/media?id=KBD

© Институт перевода Библии, 2026

## ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ

«Нэхьэмий и тхылъым» «Гъузер и тхылъым» къыщыIуэта хъыбархэм къыщыпащэ. Журтхэм а тхылъитIри зы тхыгъэу ябжу щытащ. «Нэхьэмий и тхылъым» и лIыхъужь нэхъыщхьэр зи цIэр абы фIэщыгъэщIэ хуэхъуа Нэхьэмийщ. Абы ит хъыбарыр зэми Нэхьэмий, зэми нэгъуэщIым къыбгъэдэкIыу тхащ, зытеухуари Тхьэм и IэмыркIэ илэжь Iуэхугъуэхэрщ.

Нэхьэмий Къэжэр пащтыхьыгъуэм и къалащхьэм – Шушан быдапIэм – щыпсэууэ, пащтыхьым и блыгущIэту, къулыкъу хуищIэу хъыбарым щIедзэ. Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 445 гъэм, Гъузер Ерусэлим щылэжьэн зэрыщIидзэрэ илъэс пщыкIущ дэкIауэ, Нэхьэмий къещIэ, и хэкум ис и лъэпкъэгъухэр гугъу зэрехьыр, Ерусэлим и мывэхъунэр кIуэ пэтми зэрызэхэщэщэжыр. Абы пащтыхьым хуит зыкърегъэщIри Ехьудейм и тет мэхъу. ИпэкIэ а хэгъэгум и тету щытахэм ирагъэжьа Iуэхугъуэхэм къыпищу, Нэхьэмий къалэр къызэфIигъэувэжыну, лъэпкъым зыкъригъэIэтыжыну хуожьэ.

Тхылъым и япэ Iыхьэм (1-7) дэ къыщыдощIэ, ар унафэщI ахъырзэману Ерусэлим и мывэхъунэр къызэрызэфIигъэувэжым и нэIэ зэрытригъэтыр. Абы къыдэкIуэу Нэхьэмий ехьудей жылагъуэм и зэхэтыкIэм, псэукIэм епха Iуэхугъуэхэр зэхегъэкI, хамэ лъэпкъхэм ящыщ бийхэм пэщIэтщ. «Гъузер и тхылъым» Ерусэлим и Iэгъуэблагъэхэм къыIус лъэпкъхэр журтхэм зэрыпэщIэтыр къыщытщIэмэ, къалэм щызэхаубла ухуэныгъэр къагъэувыIэну ахэр ерыщу иужь зэритыр «Нэхьэмий и тхылъым» щыдолъагъу. Ауэ «Гъузер и тхылъым» къэжэр пащтыхь АртIэхъшастэ журтхэм я жагъуэгъухэм я лъэныкъуэ къищтауэ къыщыхэщмэ, иджы ар Нэхьэмийрэ ехьудейхэмрэ къыщхьэщыжу долъагъу. Абы иджыри зы Iуэхугъуэм гу лъыдегъатэ: икIэм-икIэжым къэжэр пащтыхьхэм ехьудейхэм Тхьэм и Унэмрэ къалэмрэ къызэфIагъэувэжыну,

тхьэхуэIухуэщIэхэм щIадзэжыну, жылагъуэ зэхэлъыкIэр къащтэжыну хуадэ. НаIуэ мэхъу Тхьэм ищIа мурадыр гъэзэщIэным къэжэр пащтыхьхэм я гуащIэ зэрыхалъхьэр езыр-езыру къызэрымыхъуар. Абы къегъэлагъуэ пащтыхьхэми гурыгъуазэ яхуэхъу Тхьэм и тепщэныгъэр здынэсыр.

Тхылъым и етIуанэ Iыхьэм (8-13) Нэхьэмийрэ Гъузеррэ зэгъусэу жылагъуэм Тэурэт Хабзэр ирагъащIэу, Тхьэм ИсрэIилым ирищIылIа Iуагъэр къагъэщIэрэщIэжу, Ерусэлим къызэфIагъэувэжу икIи хамэ лъэпкъхэм щыщ цIыхубз къэзыша ехьудейхэм я щхьэгъусэхэр ирырагъэкIыжу долъагъу. А тIур къэзыгъэзэжа журтхэр, нэхъапэкIэ къахьа гуэныхьхэм щахъумэу, Тхьэм хуэгъэфэща лъэпкъ лъапIэ ящIыжыну хущIокъу. А гуэныхьхэм хохьэ хамэ лъэпкъхэм щыщ цIыхубзхэм къыхахьа тхьэнэпцIхэм щхьэщэ хуэщIыныр. Ауэ, гурыIуэгъуэ мэхъу, псом хуэмыдэу иужьрей Iыхьэм, Тхьэм и Унэмрэ мывэхъунэмрэ къыдэщIеижыным нэхърэ, лъэпкъым зыкъебгъэIэтыжыныр куэдкIэ зэрынэхъ гугъур. ТэлайкIэ къэтауэ Ерусэлим къигъэзэжа нэужь, Нэхьэмий къелъагъу и лъэпкъэгъухэр зэрыдэхуэхар. ИпэкIэ къалэм и тету щыта Зэрубабыл (еплъ «Гъузер и тхылъым») илэжьахэр хуокIуэдэж, Тхьэм и Унэм нэмыплъ ират. Гъузер илэжьыр псыхэкIуадэ хъурт лъэпкъыр Тэурэт Хабзэм зэрытемытым щхьэкIэ, псом хуэмыдэу щэбэтым ехьэлIа хабзэм. Нэхьэмий къыдрищIеиж мывэхъунэми мыхьэнэ иIэтэкъым: ехьудейхэм хамэ лъэпкъхэм мывэхъунэм къекIуэкIыу бзэзэр щызэхаублэну хуадэт, уеблэмэ щэбэт махуэхэми ар щапIэ ящIырт.

Нэхьэмий зэрыхузэфIэкIкIэ ткIийуэ а Iуэхум бгъэдохьэ икIи зыгуэри къохъулIэ. Ауэ тхылъеджэм къыгуроIуэ, Тхьэм и лъэпкъыр зэкIэ къызэрымыщIэрэщIэжынур. А гупсысэм псом хуэмыдэу иужьрей едзыгъуэхэм ухуашэ. Мы тхылъри «Гъузер и тхылъым» хуэдэу еух: Нэхьэмий сыт ищIыс хамэри (хамэ цIыхубзхэри хэту) лъэпкъым IэщIыб иригъэщIыну иужь итщ. И лъэпкъымкIэ адрей лъэпкъхэм зэгуэр къахуэнэхуэну Тхьэм мызэ-мытIэу къызэригъэгугъар уигу къэкIыжмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу: Нэхьэмий илэжьа IуэхухэмкIэ Тхьэм и мурадхэр иухкъым.

## ЯПЭ IЫХЬЭ

1 [1] Хьэджэлей и къуэ Нэхьэмий къиIуэтэжа хъыбарыр.

### *Нэхьэмий Ерусэлим и хъыбар къызэрыIэрыхьар*

АртIэхъшастэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс етIощIанэр екIуэ-
кIыу, КIыслэу мазэу[a] Шушан быдапIэм сыдэст, [2] си къуэшхэм ящыщ
Хьэнэний, гъусэ зыбжанэ щIыгъуу, Ехьудейм къикIыу къыщы-
кIуам. ГъэрыпIэм[b] къикIыжауэ Ехьудейм щыпсэу журтхэм я Iуэху
зыIутымрэ Ерусэлимымрэ теухуауэ абыхэм сапкърыупщIыхьащ.
[3] «ГъэрыпIэм къикIыжу Ехьудейм къэзыгъэзэжахэм – къызжа-
Iащ абыхэм, – иджыпсту гугъуехь куэд я фэм докI, пщIэи щхьэи
ямыIэу мэпсэу. Ерусэлим къалэм къыдекIуэкI мывэхъунэр зэхэ-
къутащ, и дыхьэпIэхэр мафIэм хисхьащ».

### *Нэхьэмий Тхьэм зэрызыхуигъэза лъэIур*

[4] Ар щызэхэсхым, сытIысри сыгъащ. Махуэ зыбжанэкIэ сыщы-
гъуащ, нэщI сисащ, Тхьэм селъэIуащ:

[5] «Уафэхэр ЗыIэщIэлъ, фIэлIыкI зиIэ Тхьэшхуэ, Iуагъэр
зыхъумэ, Ар фIыуэ зылъагъухэм, и унафэхэр зыгъэзащIэм
гущIэгъу яхуэзыщI ди ТХЬЭ*! – жысIэрт сэ, – [6] Жэщ-махуэ
симыIэу исрэIил лъэпкъым щхьэкIэ зэрызыпхуэзгъазэ лъэIур
зэхэпхын щхьэкIэ, уи тхьэкIумэр тегъэхуауэ, уи нэр зэIуха-
уэ щрырет. ИсрэIилхэр, си унагъуэри сэри дахэту, дызэры-
гуэныхьлымкIэ зызоумысыж. [7] ДынокъуаншэкIащ. Уи жыIэщIэ

---

[a] **1:1** АртIэхъшастэ Езанэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 464 гъэм щегъэжьауэ 424 гъэм нэс Къэжэрым пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ. Мыбдежым къыщы-гъэлъэгъуа зэманыр 446 гъэм и бжьыхьэ хэкIуэтам хуозэ.

[b] **1:2** Зи гугъу ищIыр Бабылей пащтыхьыгъуэм гъэру зэрыщыIарщ. Езы Бабы-лейр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 539 гъэм Къэжэрым къизэуащ. Языныкъуэ журтхэм иужькIэ Ехьудейм къагъэзэжащ, адрейхэр Къэжэрым къыщынащ.

Мусэ къытхуигъэлъэгъуа хабзэхэм дытекIащ, унафэу къытхуэ-
пщIахэмрэ щIапхъэу тхуэбгъэнэхуахэмрэ дгъэзэщIакъым.
[8] Уигу къэгъэкIыж Мусэ зэрыжепIауэ щытар: „Фыкъыс-
хуэмыпэж хъумэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм фахэспхъэнущ. [9] Ауэ си
дежкIэ зыкъэвгъэзэжрэ си унафэхэм фыкъыщIэувэжмэ, щIым
и гъунэ дыдэм фыщыIэми, фызэхуэсшэсыжынурэ си цIэр ща-
гъэлъэпIэну къыхэсха щIыпIэм фыкъэсшэжынущ“.
[10] ИсрэIилхэр уи къару инкIэ, уи Iэ лъэщкIэ къебгъэла
лъэпкъщ, ахэр уи пщылIщ. [11] Тепщэныгъэ ЗиIэ, си лъэIури, уи
цIэр гъэлъэпIэныр фIыгъуэу къызэлъытэхэм яйри зэхэх. Нобэ
зызэрыпхуэзгъазэр къызэгъэхъулIэ: пащтыхьыр къысхуэфIын
щIы».

Сэ абы срифадащхьэтету щытащ.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Нэхьэмий Ерусэлим зэрыкIуар*

**2** [1] АртIэхъшастэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс етIощIанэр
екIуэкIыу, Нисан мазэу[a], пащтыхьым къыхуахьа санэр бгъэ-
дэсхьащ. Япэм зэи сынэщхъейуэ зыкъезгъэлъэгъуатэкъыми, [2] пащ-
тыхьыр къызэупщIащ: «Усымаджи хуэдэкъым, сыт мыпхуэдизу
ущIэнэщхъейр? Шэч хэмылъу, уи гур зыгуэрым ехуз».
Хуабжьу сыкъэшынат, [3] ауэ сэ абы Iуэхур зытетыр хуэсIуэтащ: «Зи
гъащIэр кIыхь хъун! Ди адэжьхэр щыщIалъхьэжа къалэр зэхакъутауэ,
абы и дыхьэпIэхэр ягъэсауэ, дауэ си гур зэрымыныкъуэнур?»
[4] «Сыт-тIэ узыхуейр?» – къызэупщIащ пащтыхьыр.
Сэ Уафэхэр ЗыIэщIэлъ Тхьэм гукIэ селъэIури, [5] мыр жэуапу
естащ: «Пащтыхьым жысIэр фIэкъабылмэ, фIы къысхуищIэну игу
илъмэ, ди адэжьхэр щыщIалъхьэжа къалэр къэсIэтыжыну Ехьу-
дейм среутIыпщ».

[a] **2:1** Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 445 гъэм и гъатхэпэрщ.

[6] «Сыт хуэдизрэ укъызэрытынур, укъыщыкIуэжынури
дапщэщ?» – къызэупщIащ пащтыхьыр. Апхуэдэу къыщызэ-
упщIым, абы пащтыхь гуащэр къыбгъэдэст.

Хуит сызэрищIынур хьэкъ сщыхъуати, сыкъызэрытыну пIа-
лъэр жесIащ. [7] «Ехьудейм сынэсыху хуиту сыблагъэкIын щхьэкIэ,
АдрыщIым[a] и тетхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр къызэптыну сынолъэIу, –
дыщIызгъужащ пащтыхьым зыхуэзгъазэри. – [8] Тхьэм и Унэм
къыIут быдапIэм хэлъ дыхьэпIэхэм я бгыкъухэмрэ къалэм и мывэ-
хъунэмрэ зэрызэзгъэпэщыжыну икIи си псэуалъэр зэрысщIыну
пхъащхьэр къысхухихыну пащтыхь мэзхъумэ Ащэф хуэгъэза
тхьэмпэтхылъи къызэптыну сынолъэIу». Тхьэм и нэфIыр къысщы-
хуати, пащтыхьым си лъэIухэр игъэзэщIащ.

[9] Пащтыхьым дзэпщхэмрэ шухэмрэ гъусэ къысхуищIри си-
утIыпщащ. АдрыщIым и тетхэм деж секIуалIэри пащтыхь тхылъ-
хэр езгъэлъэгъуащ. [10] ИсрэIилхэм яфI зезыхуэ къызэрыкъуэкIар
Хъуэрэн щыщ Санболэтрэ[b] амоней къулыкъущIэ Тубейрэ щызэ-
хахым, хуабжьу зэгуэпащ.

### *Нэхьэмий Ерусэлим и мывэхъунэр къызэриплъыхьар*

[11] Ерусэлим сыкъэсри, махуищ фIэкIа зыщызмыIэжьэу, [12] цIыху
зыбжанэ гъусэ сщIыри жэщу гъуэгу сытехьащ. Ерусэлим щхьэкIэ
сщIэн хуейуэ Тхьэм си гум кърилъхьар зы цIыхум хуэсIуэтакъым.
Сызытес шыд закъуэм къищынэмыщIа, нэгъуэщI псэущхьэ си
гъусэтэкъым.

[13] Псыхъуэ куэбжэ дыхьэпIэмкIэ жэщу дыдэкIри, Ерусэ-
лим и мывэхъунэ зэхэкъутахэмрэ дыхьэпIэ гъэсахэмрэ къэт-
плъыхьурэ, Благъуэ* псынэмрэ Куэншыб куэбжэ дыхьэпIэмрэ

---

[a] **2:7** Къэжэр пащтыхьыгъуэм хэту Фэратыпсым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщылъ щIыгущ. Абы Ехьудейри гъунэгъу щIыналъэхэри хыхьэрт.

[b] **2:10** Тхыдэ тхылъхэм къызэрыхэщыжымкIэ, илъэс пщIы бжыгъэ дэкIа нэужь, Санболэт цIэр зезыхьэ тет Щэмэрей щIыналъэм иIащ. Ар мы тхылъым къыхэщ Санболэтырауэ, и тетыгъуэри Нэхьэмий и лъэхъэнэм хиубыдауэ хуэбгъэфащэ хъунущ. Еплъ 4:1-2.

я лъэныкъуэмкӀэ дунэтӀащ. [14] Абы дикӀри, Псынэ куэбжэ
дыхьэпӀэмрэ пащтыхь псыӀыгъыпӀэмкӀэ сыкӀуащ, ауэ, шыдым
сытесу абы сыблэкӀыфынутэкъыми, [15] жэщми, мывэхъунэр
къэсплъыхьурэ, къуэкӀийм сыдэту сыдэкӀуеящ. Иужьым згъэ-
зэжри, Псыхъуэ куэбжэ дыхьэпӀэмкӀэ къалэм сыдыхьэжащ.
[16] СыздэщыӀами, зи ужь ситами унафэщӀхэр щыгъуазэтэкъым.
Журт къызэрыгуэкӀхэми, тхьэпщхэми*, лӀакъуэлӀэшхэми*,
унафэщӀхэми, лэжьыгъэм хэтыну адрей цӀыхухэми зэкӀэ яхуэс-
Ӏуэтакъым.
[17] «Дызыхэт гузэвэгъуэр фолъагъу, – яжесӀащ абыхэм. – Еру-
сэлим зэхэкъутащ, и дыхьэпӀэхэр мафӀэм исащ. Мывэхъунэр къы-
дэдвгъэщӀеижи, мы напэтехым кӀэ едвгъэт!» [18] Тхьэм и нэфӀыр
къызэрысщыхуами, мы Ӏуэхур пащтыхьым зэрыфӀэкъабылми
щыгъуазэ сщӀахэщ.
«КъэтӀэтыжынщ!» – жаӀэщ абыхэм зэдэаразыуи, лэжьыгъэм
еувэлӀащ.
[19] Ауэ, абы и хъыбарыр Хъуэрэн щыщ Санболэт, амоней къулы-
къущӀэ Тубей, хьэрып Джэшым сымэ щызэхахым, къытщӀэнакӀэу
икӀи къытщыдыхьэшхыу хуежьащ. «Сыт мы фызыхэтыр? – жаӀэрт
абыхэм. – Сыт, пащтыхьым зыкъыпэфӀэту ара?»
[20] «Уафэхэр ЗыӀэщӀэлъ Тхьэм ди мурадыр къыдигъэхъулӀэ-
нущ, – жэуапу естырт абыхэм. – Дэ Абы дрижыӀэщӀэщи, мы мывэ-
хъунэр къызэфӀэдгъэувэжынущ. Ауэ фэ Ерусэлим фыщыгугъыну
фи Ӏыхьэ хэлъкъым, фи Ӏуэхуи фи дэлъи зэи щыӀакъым».

## ЕЩАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Мывэхъунэр къэзыӀэтыжахэр*

3 [1] Тхьэпщ пашэ Елэшыбрэ адрей тхьэпщхэмрэ Мэл дыхьэ-
пӀэр къыдращӀеижу хуежьащ. Ар яумэхъри, куэбжэхэри
хагъэувэжащ. АдэкӀэ абыхэм Ерусэлим и мывэхъунэр Щэ бжы-
гъэ чэщанэм нэс къаӀэтыжри яумэхъащ. Абы къыпащэри, ухуэ-
ныгъэр ХьэнэнылӀ и чэщанэм нэсащ. [2] АдэкӀэ къакӀуэ Ӏыхьэм

йэрыхъуэдэсхэр елэжьащ, абыхэм къапищэу Іэмырэ и къуэ ЗэкІур
мывэхъунэр къиІэтыжащ.

[3] Бдзэжьей куэбжэ дыхьэпІэр зыгъэувыжар Хьэсэней и къуэ-
хэрщ[a]. Абыхэм бгыкъухэр тралъхьащ, бжэхэр халъхьащ, пхъэ-
рыгъажи, ар зыІыгъ гъущІыкІэхэри хагъэувэжащ. [4] Хьэкуэз
и къуэ Іурей и къуэ МэрэмытІ къыкІэлъыкІуэ Іыхьэр къиІэты-
жащ. Абы адэкІэ мывэхъунэр зыгъэувыжар Мэшэзабэл и къуэ
Бэрэхъей и къуэ Мэшуламэщ. Абы и гъунэгъуу лэжьар БэІэнэ
и къуэ Садыкъщ. [5] Мывэхъунэм и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэр къэзыІэ-
тыжар тІакъуэдэсхэрщ, ауэ абыхэм я лІакъуэлІэшхэр* ухуэныгъэр
езыгъэкІуэкІ унафэщІхэм ядэІэпыкъуакъым[b].

[6] ДыхьэпІэжьыр[c] къэзыІэтыжар Пашэхь и къуэ ЙоІэдайрэ
Бэсудей и къуэ Мэшуламэрэщ. Абыхэм бгыкъухэр тралъхьащ,
бжэхэр халъхьащ, пхъэрыгъажи, ар зыІыгъ гъущІыкІэхэри хагъэ-
увэжащ. [7] ДыхьэпІэжьым къыбгъурыт мывэхъунэр зэфІэзыгъэувэ-
жар Джэбэн щыщ Мэлэтейрэ Мэрэнут щыщ Йадэнрэщ. А тІум
къадэІэпыкъуащ джэбэндэсхэмрэ Мызпэхь къалэм щыпсэухэмрэ.
(Мызпэхьыр АдрыщІым и тетым и хэщІапІэт[d].) [8] ДыщэкІхэм ящыщ
Хьэрхей и къуэ ІузрэІил мывэхъунэм къыкІэлъыкІуэ Іыхьэр къы-
дрищІеижащ, абы и гъунэгъуу лэжьащ мэ дахэ къызэпих дагъэхэр
щІэзыхухэм ящыщ Хьэнаней. Абыхэм Ерусэлим Мывэхъунэшхуэм
нэс зэфІагъэувэжащ.

[9] Ерусэлим щІыналъэм и ныкъуэм и тет Хъур и къуэ Арэфей
къыкІэлъыкІуэ Іыхьэм елэжьащ. [10] Абы и гъунэгъуу, и унэм хуэ-
занщІэу, мывэхъунэр дрищІеижащ Хьэрумаф и къуэ Йадей. Абы
адэкІэ Хьэшбэней и къуэ Хьэтуш лэжьащ. [11] Абы иужь иту Хьэ-
рым и къуэ Мэлычейрэ Пэхьэтмэуаб и къуэ Хьэшубрэ мывэхъунэр,
Хьэку чэщанэри хэту, зэфІагъэувэжащ. [12] Ерусэлим щІыналъэм

a **3:3** Е: «Сэней дэсхэрщ».

b **3:5** Е: «лІакъуэлІэшхэр я зиусхьэным дэІэпыкъуакъым», е: «лІакъуэлІэшхэр Тепщэныгъэ ЗиІэм дэІэпыкъуакъым».

c **3:6** Е: «„Йешэнэ куэбжэ дыхьэпІэ“ зи цІэр».

d **3:7** Е: «Ахэр АдрыщІ щытепщэм и унафэм щІэтт», е: «АдрыщІ щытепщэм и унэм нэсыху зэфІагъэувэжат».

и етIуанэ Iыхьэм и унафэщI Хьэлухэш и къуэ Щалум, ипхъухэр къыдэIэпыкъуурэ, мывэхъунэм къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр дрищIеижащ.
[13] Псыхъуэ куэбжэ дыхьэпIэр зэфIагъэувэжащ Хьэнунрэ Занэуэхъу къалэм дэсхэмрэ. Абыхэм куэбжэр щIэрыщIэу ящIыжри пхъэрыгъажи, ар зыIыгъ гъущIыкIэхэри хагъэувэжащ. Абы къищынэмыщIауэ, абыхэм Куэншыб куэбжэ дыхьэпIэм нэсыху IэфракIэ мин[a] зи кIыхьагъ мывэхъунэр къыдращIеижащ.
[14] А куэбжэ дыхьэпIэр къэзыIэтыжар Бэтхьэджэрэм и тет Архьэб и къуэ Мэлычейщ. Абы дыхьэпIэр къыдрищIеижри, пхъэрыгъажи, ар зыIыгъ гъущIыкIэхэри хэлъу куэбжэ фIидзэжащ.
[15] Псынэ куэбжэ дыхьэпIэр къэзыIэтыжар Мызпэхь щIыналъэм и тет Куэлхуэзэ и къуэ Шалэщ. Абы дыхьэпIэр къиIэтыжащ, унащхьэ трилъхьэри, бжэхэр хилъхьащ, пхъэрыгъажи, ар зыIыгъ гъущIыкIэхэри хигъэувэжащ. Абы апхуэдэуи къыдрищIеижащ Пащтыхь жыг хадэм пэгъунэгъуу щыт Шулэм псыIыгъыпIэм хуэзэ мывэхъунэр, Даут и Къалэм[b] къыщежьэу къех дэкIуеипIэм нэсыху. [16] Абы адэкIэ – Даут и кхъэлэгъунэхэм хуэзанщIэу, псыIыгъыпIэ къратIыкIамрэ зауэлI хахуэхэм я унэмрэ нэсыху – мывэхъунэр зэфIэзыгъэувэжар Бэтзур щIыналъэм и ныкъуэм и тет Азбэч и къуэ Нэхьэмийщ.
[17] Абы иужь лэбийхэр* итащ: Бэний и къуэ Архьумрэ абы пэIэгъуэу лэжьа Хьэшэбейрэ. Ар ЧэIил щIыналъэм и ныкъуэм и унафэщIти, абы щыпсэухэм къабгъэдэкIыу лэжьыгъэм хэтащ. [18] Абы пэмыжыжьэу и лъэпкъэгъухэм[c] я гъусэу Хьэнэдад и къуэ Бинуй[d] щылажьэрт. Ар ЧэIил щIыналъэм и етIуанэ Iыхьэм и тетт. [19] АдэкIэ къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр – Iэщэ гъэтIылъыпIэм хуэзышэ дэгъэзеипIэм хуэзанщIэу къэгъэшыпIэм нэсыху – дэзыщIеижар Мызпэхь и унафэщI Йушэ и къуэ Азэрщ. [20] Абы и ужьым иту – къэгъэшыпIэм

[a] 3:13 Метр щитху хуэдиз мэхъу.
[b] 3:15 Ерусэлим къалэм и хьэблэжьым, ипэкIэ исрэIил пащтыхьым и сэрейр здэщыIам, зэреджэр апхуэдэущ.
[c] 3:18 Журт. «къуэшхэм». Мыбдежым псалъэм зэблагъэныгъэм къищынэмыщIауэ, зы лэжьыгъэ IэнатIэ зэрыIутри къегъэлъагъуэ. А мыхьэнэр иIэу псалъэм куэдрэ мы тхылъым ущрохьэлIэ.
[d] 3:18 Е: «Бэвыуей».

щегъэжьауэ тхьэпщ пашэ Елэшыб и унэ щIыхьэпIэм нэсыху – елIа-
лIэу мывэхъунэр къэзыIэтыжар Зэбай и къуэ Бэрыхъуш. [21] Абы и
гъунэгъуу мывэхъунэм къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр – Елэшыб и унэ щIы-
хьэпIэм щегъэжьауэ унэр щиухым нэсыху – зыгъэувыжар Хьэкуэз
и къуэ Iурей и къуэ МэрэмытIш.

[22] АдэкIэ ухуэныгъэм хэту лажьэрт Ерусэлим и Iэгъуэблагъэхэм
щыпсэу тхьэпщхэр. [23] Щхьэж и унэ хуэзанщIэу адэкIэ мывэхъунэр
къыдэзыщIейр Бенаминрэ Хьэшубрэт, абыхэм япэIэгъуэу лажьэрт
Анэней и къуэ МэIэсей и къуэ Азэрей. [24] КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэм –
Азэрей и унэм щегъэжьауэ къэгъэшыпIэмрэ плIанэпэмрэ нэсыху –
елэжьыр Хьэнэдад и къуэ Бинуйт. [25] АдэкIэ къэгъэшыпIэмрэ
хъумакIуэхэм я пщIантIэм пэгъунэгъуу щыт пащтыхь сэрейм къы-
щхьэщыт чэщанэмрэ яхуэзанщIэу лажьэр Уэзай и къуэ Пэлалт. Абы
и гъунэгъуу ПэрIуш и къуэ Пэдей, [26] Уэфэл Iуащхьэм щыпсэу Тхьэм
и Унэм щылэжьэну лэбийхэм пщылIу иратахэр[a] щIыгъуу, къуэкIы-
пIэмкIэ щыт Псы куэбжэ дыхьэпIэм хуэзанщIэ щIыпIэмрэ абы
ипэ къит чэщанэмрэ нэс мывэхъунэр зэфIигъэувэжырт. [27] Абыхэм
япэгъунэгъуу къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр – ипэ къит чэщанэ лъагэм ще-
гъэжьауэ Уэфэл Iуащхьэм нэсыху – зыгъэувыжыр тIакъуэдэсхэрт.

[28] Щхьэж и унэ хуэзанщIэу тхьэпщхэм Шы куэбжэ дыхьэпIэм
адэкIэ щыIэ Iыхьэри зэфIагъэувэжырт. [29] Зыр зым и ужьым иту
абыхэм къакIэлъыкIуэрт и унэм хуэзанщIэ Iыхьэр дэзыщIеиж
Имер и къуэ Садыкърэ КъуэкIыпIэ куэбжэ дыхьэпIэм и хъумакIуэ
Щэчэней и къуэ Шэмейрэ. [30] Абыхэм адэкIэ къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр
къэзыIэтыжыр Щэлэмей и къуэ Хьэнанейрэ Зэлъэф и еханэ къуэ
Хьэнунрэт. Абыхэм пэгъунэгъуу и къулыкъущIапIэм хуэзанщIэ
Iыхьэр Бэрэхъей и къуэ Мэшуламэ дрищIеижырт. [31] Абы къы-
кIэлъыкIуэ Iыхьэр – ПлъапIэ куэбжэ дыхьэпIэм хуэзанщIэу щыт

[a] 3:26 Пасэрей журтыбзэмкIэ «нэтиним» псалъэм «ята» мыхьэнэр иIэщ. Зи гугъу ищIыр Тхьэм и Унэм щылэжьэну лэбийхэм иратахэращ. Еплъ Гъузер 8:20. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, мы тхылъым къыщыIуэта Iуэхугъуэхэр щыщыIа лъэхъэнэм абыхэм я щIэблэр пщылIу щытыжакъым. Ауэ абыхэм иджыри «ята» псалъэмкIэ щеджэкIэ, ди зэдзэкIыгъэм «лэбийхэм пщылIу иратахэр» къэдгъэсэбэпынущ.

лэбийхэм пщылIу иратахэмрэ сатуущIэхэмрэ я унэм, плIанэпэм
хэт пэшым нэсыху – дыщэкIхэм ящыщ Мэлычей къиIэтыжырт.
32 А пэшымрэ Мэл куэбжэ дыхьэпIэмрэ я зэхуаку дэлъ Iыхьэр
дыщэкIхэмрэ сатуущIэхэмрэ зэфIагъэувэжырт.

## ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Мывэхъунэр зыгъэувыжхэм жагъуэгъухэр зэрыпэщIэтар*

4 1 Мывэхъунэр зэрызэфIэдгъэувэжыр Санболэт[a] щызэхихым,
ар игу темыхуэу хуабжьу губжьащ. Ар дэ, журтхэм, къытщIэ-
накIэрт, 2 и дарэгъухэмрэ* щэмэреидзэмрэ[b] я пащхьэ иту жиIэрт:
«Сыт мыгъуэ мы журт тхьэмыщкIэхэм ящIэр? Мывэхъунэр зэфIа-
гъэувэжын я гугъэура? Къурмэн щIыным зратыжынуи? Мы Iуэху
зыхуежьар зы махуэ лэжьыгъэ я гугъэу пIэрэ? Хьэмэрэ сахуэм
къыхахыж мывэм псэ халъхьэжыфыну къащыхъужауэ ара?»
3 Санболэт къыбгъурыт амоней къулыкъуущIэ Тубей абы жиIэм
дежьурт. «Сыт мыгъуэ и мыхьэнэ абы къыдращIей мывэхъунэм, –
жиIэрт абы, – бажэрэ пэт, щыдэкIуейкIэ, къигъэуэжыфынумэ!»
4 «Ди Тхьэ, дызэхэх, – селъэIурт сэ Тхьэм. – Еплъ абыхэм ды-
зэрагъэикIэм. А икIагъэр я щхьэм иригъэкIуэж, къуентхъ пэлъытэу
хамэщIым гъэру ет. 5 Я щыуагъэр къахуумыгъэгъу, мывэхъунэр
зыгъэувыжхэр ягъэикIэу гуэныхь къахьари зыщумыгъэгъупщэ».
6 Апхуэдэххэурэ мывэхъунэр къэтIэтыжырт. ЩIыхубэр гукъыдэж
иIэу зэрылажьэм и фIыщIэкIэ, мывэхъунэм иIэн хуей лъагагъым
и ныкъуэм нэдгъэсат. 7 Ерусэлим мывэхъунэр дэщIеижыныр къы-
зэрыдэхъулIэр, абы иIэ пхыудыпIэхэр зэрыдгъэбыдэжыр Санболэт,

[a] **4:1** Еплъ 2:10.

[b] **4:2** Щэмэрейр Къэжэр пащтыхьыгъуэм и хэгъэгу нэхъыщхьэхэм ящыщ зыт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Нэхьэмий Ерусэлим къулыкъу щищIэну къыщигъэзэжым, къэжэр пащтыхьым Ехьудейр Щэмэрей хэгъэгум къыхэкIыну хуит ищIащ. Ар пэжмэ, Ерусэлимрэ Щэмэреймрэ я тетхэм я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ къыщIыдэхъуар гурыIуэгъуэ мэхъу.

Тубей, хьэрыпхэм, амонейхэм, Ашдэд щыпсэухэм щызэхахым,
хуабжьу губжьахэщ. [8] Абыхэм мурад ящIащ зэгухьэу Ерусэлим те-
уэу, цIыхухэр ягъэгужьеину. [9] Ауэ дэ ди Тхьэм дельэIурт икIи абы-
хэм защытхъумэн щхьэкIэ, жэщи махуи къэрэгъулхэр дгъэувырт.
[10] АпщIондэху ехьудейхэм жаIэрт:

«МэкIуэщI я къарур хьэлъэзехьэхэм,
дэнэкIэ плъэи – къутахуэрэ пхъэнкIийрэщ,
тхудэщIеижыркъым адэкIэ мывэхъунэр».

[11] «Къэхъуар къагурымыIуэ щIыкIэ, дыкъамылъагъуу датеуэн-
щи, зэтедукIэнщ, я лэжьыгъэри къэдгъэувыIэнщ», – жаIэрт ди
жагъуэгъухэм.
[12] Абыхэм я гъунэгъуу псэу журтхэм мызэ-мытIэу къакIуэурэ
къыджаIэрт: «Лъэныкъуэ псомкIи къыттеуэнущ!»[a] [13] Арати мывэ-
хъунэм и лъахъшапIэхэмрэ щIыпIэ нэщIхэмрэ джатэкIэ, бжыкIэ,
шабзэкIэ зэщIэузэда цIыхухэр унагъуэ-унагъуэкIэрэ зэхэдзауэ
згъэуващ. [14] Псори къэсплъыхьа нэужь, лIакъуэлIэшхэм*, унафэщI-
хэм, адрейхэми яжесIащ мышынэну, зи къарумрэ зи гуащIэмрэ ин
Тепщэныгъэ ЗиIэр зыщамыгъэгъупщэу я къуэшхэм, я къуэхэм,
япхъухэм, я щхьэгъусэхэм, я лъапсэхэм папщIэ зэуэну.
[15] Я мурадым дызэрыщыгъуазэр ди жагъуэгъухэм къащIащ, ап-
хуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм ягу къытхуилъа бзаджагъэм Тхьэр зэран
хуэхъуащ. Дэри мывэхъунэм дгъэзэжри, щхьэж и лэжьыгъэ ды-
пэрыхьэжащ. [16] А махуэм щегъэжьауэ си цIыхухэм я ныкъуэр ухуэ-
ныгъэм хэтт, бжыкIэ, мэIукIэ, шабзэкIэ зэщIэузэда, афэ джанэкIэ
хуэпа адрей ныкъуэм ухуакIуэхэр яхъумэрт. ЩIыналъэхэм я тетхэр
мывэхъунэр зыгъэувыж цIыхубэм я щIыбагъ къыдэтт. [17] Хьэлъэзе-
хьэхэм зы IэмкIэ лэжьыгъэр ирахьэкIырт, зы IэмкIэ джатэ Iэпщэр
якъузырт. [18] УхуакIуэхэри я бгым джатэр илъут зэрылажьэр. Гъуом
епщэр къызбгъурытт.

[a] **4:12** Е: «мызэ-мытIэу лъэныкъуэ псомкIи къикIыурэ къыджаIэрт: „Ди деж
къэвгъэзэж!“»

[19] «Лэжьыгъэшхуэщ дызыпэрытыр, – яжесIащ сэ лIакъуэлIэшхэ-
ми, унафэщIхэми, адрейхэми. – Мывэхъунэм и кIыхьагъкIэ дытегуэ-
шащи, зыр зым дыпэжыжьэщ. [20] Гъуо джэ макъыр дэнэ щызэхэв-
мыхми, ар къыздиIукIымкIэ фыжэ. Ди Тхьэр дэр папщIэ зэуэнущ!»
[21] Апхуэдэу махуэ къэс нэхущым щегъэжьауэ уафэгум вагъуэхэр
къитIысхьэху цIыхубэм и ныкъуэм бжы яIыгъыу дахъумэу, адрей
ныкъуэм мывэхъунэр къыдращIеижу дылэжьащ. [22] Абы щыгъуэ
цIыхубэм захуэзгъазэри яжесIат зыри Ерусэлим дэмыкIыжыну,
я Iуэхутхьэбзащ Iэхэм ящIыгъуу жэщхэр абдеж щрахыну. Апхуэдэ
щIыкIэкIэ абыхэм жэщым хъумакIуэу, махуэм лэжьакIуэу щытыну
Iэмал яIэнут. [23] Сэри, си зы къуэши, си зы IуэхутхьэбзащIи, си зы
хъумакIуи ди щыгъыныр зыщытхтэкъым, дэтхэнэ зыми ди Iэщэр
тIэщIэлът[a].

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Нэхьэмий тхьэмыщкIэхэм къазэрыщыжар*

**5** [1] Язынықъуэ журтхэмрэ абыхэм я щхьэгъусэхэмрэ я лъэпкъэ-
гъухэм хущIэджэу, тхьэусыхафэхэри хуагъэшу хуежьащ. [2] «Дэ,
ди къуэхэр, дипхъухэр куэд дохъу, дышхэн, дыпсэун щхьэкIэ гъавэ
дыхуейщ» – жаIэрт иныкъуэхэм.
[3] «Мы гъаблэр зэрыдэтхын гъавэ зыIэрыдгъэхьэн щхьэкIэ,
ди губгъуэхэр, жызум хадэхэр, унэхэр шэсыпIэ итлъхьэн хуей
мэхъу», – жаIэрт нэгъуэщIхэм.
[4] Мыпхуэдэу жызыIэхэри яхэтащ: «Ди губгъуэхэм, жызум ха-
дэхэм тралъхьэ хьэкъулэр пащтыхьым еттын щхьэкIэ, дыжьын
щIыхуэу къэтщтэн хуей мэхъу. [5] Ди лъэпкъэгъухэр къызытекIахэрщ
дэри дыкъызытехъукIыжар, ди бынхэри абы я бынхэм хуэдэщ.
Апхуэдэу щытми ди къуэхэр, дипхъухэр пщылIыпIэм идгъэувэн
хуей мэхъу. Язынықъуэ дипхъухэр пщылIыпIэм ихуакIэщ, ауэ, ди

[a] **4:23** *дэтхэнэ ... тIэщIэлът.* Е мыри щIыгъуу: «псыхьэ дыщыкIуэм деж». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гуры-Iуэгъуэ дыдэкъым.

губгъуэхэмрэ жызум хадэхэмрэ нэгъуэщӀхэм я ӀэмыщӀэ илъщи,
абыхэм ящӀэттын щхьэщэхужыпщӀэ диӀэкъым».
[6] ЩӀыхухэм я тхьэусыхафэхэр щызэхэсхым, губжьым сызэ-
щӀищтащ. [7] Ӏуэхум фӀыуэ сегупсыса нэужь, лӀакъуэлӀэшхэмрэ*
унафэщӀхэмрэ згъэкъуэншащ, хэхъуэшхуэ къызыпэкӀуэ щӀыхуэ я
къуэшхэм ирату унэну зэрыхэтым щхьэкӀэ. ЗэӀущӀэшхуэ зэхэзублэ-
ри [8] лӀакъуэлӀэшхэм яжесӀащ: «Хамэ лъэпкъхэм иращауэ щыта ди
къуэш журтхэр зэрытхузэфӀэкӀкӀэ къэтщэхужащ. Иджы фэ езым
фщэ фи къуэшхэр къэтщэхужын хуей мэхъу!» ЖысӀам къыпадзы-
жын ямыӀэу, ахэр щыму зэхэтт.
[9] «А фэ фщӀэр къезэгъыркъым, – къыпысщащ сэ. – Хамэ
лъэпкъхэм ящыщ ди жагъуэгъухэм щӀэнэкӀалъэ дамыщӀын щхьэкӀэ,
ди Тхьэм фыфӀэлӀыкӀын хуейкъэ? [10] Сэри, си къуэшхэми, си Ӏуэху-
тхьэбзащӀэхэми дыжьынри гъавэри щӀыхуэу дот. ХэхъуэшхуэкӀэ
щӀыхуэ тыныр дывгъэгъэувыӀэ![a] [11] Губгъуэхэри, жызум хадэхэри,
зейтун* жыг хадэхэри, унэхэри зейм икӀэщӀыпӀэкӀэ ефтыж, я ахъ-
шэм, гъавэм, санэ щӀэхуагъащӀэм, зейтун дагъэм хатыкӀа Ӏыхьэхэри
яӀэрывгъэхьэж».
[12] «Псори еттыжынщ, – жаӀащ абыхэм, – дяпэкӀи зыри япэдубы-
дынкъым. ЗэрыжыпӀам хуэдэу тщӀынщ».
Тхьэпщхэр къезджэри, абыхэм я пащхьэм иту лӀакъуэлӀэшхэм я
псалъэр зэрагъэпэжынумкӀэ тхьэрыӀуэ езгъэщӀащ. [13] Абы къищы-
нэмыщӀауэ, си щыгъыныр къизутхыпщӀыкӀри жысӀащ: «Зи псалъэ
темытыж дэтхэнэ зыри мис мыпхуэдэу и мылъкум, и унэм Тхьэм
къыхиутхыпщӀыкӀын ищӀ! Апхуэдэ къабзэу езы цӀыхури кърыра-
утхыпщӀыкӀ икӀи нэщӀ ирехъу!»
Жылагъуэм зэдэарэзыуэ «Ӏэмин» жаӀэри, ТХЬЭМ фӀыщӀэ хуа-
щӀащ. ТхьэрыӀуэр псоми ягъэзэщӀащ.

## *Нэхьэмий щапхъэ зэригъэлъэгъуар*

[14] А псом щынэмыщӀауэ, сэ Ехьудейм и тету сыщыщыта илъэс
пщыкӀутӀым къриубыдэу – АртӀэхъшастэ и пащтыхьыгъуэм

[a] **5:10** Е: «ЩӀыхуэу ттар цӀыхубэм къахуэдгъэнэну фыкъыхузоджэ!»

и етIощIанэ илъэсым щыщIэдзауэ щэщIрэ етIуанэ илъэсым нэ-
сыху[a] – сэри си къуэшхэми тетым къылъысыпхъэ ерыскъы зы-
Iудгъэхуакъым. 15 Си япэкIэ мы хэгъэгум и пашэу щытахэм
цIыхубэм къытехьэлъэ хьэкъулэ тралъхьат. Ерыскъымрэ санэмрэ
хатыкIым нэмыщI, цIыхухэм дыжьыну шэкIэл плIыщI[b] къыIахырт.
Езы тетхэр дэнэ къэна, абыхэм яхуэлажьэхэри цIыхухэм ятегу-
плIэрт. Ауэ сэ, Тхьэм сыфIэлIыкIырти, апхуэдэ лей зесхьакъым.
16 Сэ мывэхъунэр зэфIэгъэувэжыным зестащ. Си Iуэхутхьэбзащlэ-
хэр псори а лэжьыгъэм къыхэсшащ; щIы Iыхьи къэтщэхуакъым[c].

17 Ар къызогъанэри, журтхэмрэ я унафэщIхэмрэ ящыщу цIыхуи-
щэрэ щэ ныкъуэрэ си Iэнэм къэтIысырт, ари гъунэгъу щIыналъэхэм
къикIыу къытхыхьэ хьэщIэхэр хэмыту. 18 Махуэ къэс зы гуу, мэл
гъэшхауэ хы, джэд-къаз япщэфIырт; махуипщI къэс санэ зэмы-
лIэужьыгъуэхэр къашэрт. Ауэ хэгъэгум и тетым къылъысыпхъэ
ерыскъыр къысхуэфхь жысIэу зыми пэзубыдтэкъым, ар хэмытуи
цIыхубэм и фэм гугъуехьу дэкIыр слъагъурти.

19 Мы лъэпкъым папщIэ злэжьа псори уигу къэгъэкIыжи, си
Тхьэ, уи нэфI къысщыхуэ!

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### ***КъапэщIэта пэтми, лэжьыгъэр и кIэм зэрынагъэсар***

**6** 1 Мывэхъунэр зэрызэфIэзгъэувэжам, пхыудыпIэхэр псори зэ-
рызгъэбыдэжам и хъыбарыр (абы щыгъуэ куэбжэхэр иджыри
хагъэувэжатэкъым) Санболэт, Тубей, хьэрып Джэшым сымэ, адрей
ди жагъуэгъухэми зэхахащ. 2 Арати, Санболэтрэ Джэшымрэ къыс-
хуаIуэхуащ Iуэну тафэм ит Хьэпырым жылагъуэм дыщызэIущIэну.

[a] 5:14 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 445 гъэм щегъэжьауэ 433 гъэм нэсыху.
[b] 5:15 Килограмм ныкъуэ хуэдиз мэхъу.
[c] 5:16 Е: «къэсщэхуакъым».

Абыхэм сифI зэрызэрамыхуэр сщIэрти, [3] зэзгъэтIылъэкI мыхъу
лэжьыгъэ сызэрыпэрытыр, саIущIэн щхьэкIэ ар къызэрызмыгъэ-
увыIэнур язгъэащIэу жэуап яIэрызгъэхьэжащ.
[4] ПлIэнейрэ а Iуэхумкiэ лIыкIуэхэр къагъэкIуащ, плIэми а зыращ
жэуапу ястар. [5] Апхуэдэу щыхъум, Санболэт етхуанэу къиIуэху
лIыкIуэм тхьэмпэтхылъ зэтемыгъэпщIа къригъэхьащ. [6] Абы мы-
пхуэдэу итт:

«Уэ мывэхъунэр къыщIэпIэтыжыр журтхэм я гъусэу зы-
къэпIэтыну арауэ кърахьэкI. Джэшыми аращ жиIэр. Зэра-
гъэхъыбарымкIэ, уэ журтхэм я пащтыхь ухъуну зыбогъэхьэзыр.
[7] Ар уи хьисэпу*, Ехьудейм пащтыхь зэриIэр Ерусэлим щызы-
гъэхъыбарыну бегъымбархэр къыхэпхауэ жаIэ. А хъыбархэр
пащтыхьым деж нэсынущ. Абы ухуэмеймэ, къакIуи, дызэгъэ-
чэнджэщ».

[8] «ЖыпIэм пэж хэлъкъым! Ар уэ езым къэбгупсысауэ аращ!» –
хуезгъэхьыжащ Санболэт жэуап.
[9] Абыхэм дагъэшынэну хэту арат. Я гугъэт апхуэдэ щIыкIэкIэ
ди къарур ягъэкIуэщIу, лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэну. Ауэ сэ
Тхьэм къару къысхилъхьэну селъэIурт[a].
[10] Зэгуэрым сэ Мэхьэтэбэл и къуэ Дэлей и къуэ Шэмей деж
сыкIуат. Ар и унэм къыщIэмыкIыу щIэст. «Тхьэм и Унэ кIуэцIым
дыщызэхуэгъазэ, – къызжиIащ абы. – Уэ уаукIыну къэкIуэнущ,
жэщущ къызэрыкIуэнури, бжэхэм хьэлъкъ еттынщ!»
[11] «Дауэ сэ схуэдэ цIыхур зэрыщIэпхъуэжынур? Хуит сэ схуэдэм
и псэр ихъумэжын щхьэкIэ, Тхьэм и Унэр щтапIэ ищIыну[b]? Хьэуэ,
сыкIуэнукъым!» – жысIащ сэ. [12] Ар Тубейрэ Санболэтрэ зэра-
гъэIущари, абы и псалъэхэр Тхьэм къызэрыбгъэдэмыкIри къыз-
гурыIуэрт. [13] Щэмаихь сигъэшынэн щхьэкIэ дыжьын иратаурат.

[a] 6:9 Е: «Ауэ сэ Iуэхум щIэгъэхуэбжьауэ сеувэлIэжащ».
[b] 6:11 Тхьэпщу щымытхэр Тхьэм и Унэ кIуэцIым щIыхьэну хуиттэкъым. ЩIыхьэм и псэр хахынкIэ хъунут.

Къызахъуэныжын хуэдэу, ахэр хущIэкъурт си цIэр зыгъэпудын гуэныхь сагъэлэжьу.

[14] Си Тхьэ, Тубейрэ Санболэтрэ я Iуэхущlафэхэмкlэ уигу къэбгъэкIыжыну сынолъэIу; сызыгъэшынэну хэтахэу НуIэдей зи цIэ бегъымбар цIыхубзри адрей бегъымбархэри уигу къэгъэкIыж, ди Тхьэ!

[15] Махуэ тхущIрэ тIукIэ делэжьауэ Алул мазэм и тIощIрэ етхуанэ махуэм[a] мывэхъунэр къэIэтыжын дыухащ.

### *Журтхэм я пашэхэмрэ жагъуэгъухэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр*

[16] Гъунэгъу лъэпкъхэм яхэт ди жагъуэгъухэм мывэхъунэр къызэрытIэтыжар щызэхахым, къэшынахэщ. Лэжьыгъэр ди Тхьэм и IэмыркIэ зэрызэфIэкIар къагурыIуати, абыхэм ягурэ я щхьэрэ ипэм ещхьу зэтелъыжтэкъым.
[17] А лъэхъэнэм Тубеи Ехьудейм и лIакъуэлIэшхэм* я тхьэмпэтхылъ куэд къыхуэкIуэрт, езы Тубеи абыхэм яхуригъэхьырт. [18] Ар
Арэхъ и къуэ Щэчэней зэрималъхъэм къыхэкIыу, ехьудейхэм ящыщ
куэдым тхьэрыIуэкIэ епхат, къищынэмыщIауэ, абы и къуэ Йохьэнан
Бэрэхъей и къуэ Мэшуламэ и пхъур щхьэгъусэ ищIат. [19] Абыхэм
Тубей зэрыщIыхуфIым сыщIагъэдэIурти, абы пэздзыжу сыт жызмыIэми, псори и деж нагъэсыжырт. АпщIондэху Тубей сигъэшынэн и гугъэу тхьэмпэтхылъхэр къысхуригъэхьырт.

## ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Нэхьэмий къулыкъущIэхэр зэригъэувар*

**7** [1] Мывэхъунэ къэтIэтыжам бжэхэр хезгъэлъхьэжа нэужь,
бжэIуту, уэрэджыIакIуэу щытынухэри, лэбийхэри къыхэ-
тхащ. [2] Ерусэлим и тету згъэуващ си къуэш Хьэнэний. Абы гъусэ

[a] 6:15 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 445 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 2-нэ махуэм.

хуэсщIащ цIыху пэж, Тхьэм зэрыфIэлIыкIымкIэ куэдым ефIэкI
Хьэнаней. Ар быдапIэм и дзэпщт. 3 Сэ абыхэм яжесIащ: «Дыгъэр
къызэщIэмыплъауэ Ерусэлим куэбжэхэр Iувмых. БжэIутхэм ды-
хьэпIэхэр яхъумэу щытыху[a], бжэхэр хуэщIауэ, хьэлъкъ етауэ щра-
гъэт. Ерусэлимдэсхэм ящыщи къэрэгъулу вгъэув – языныкъуэр
плъапIэхэм деж, адрейхэр я псэупIэм пэгъунэгъуу».

## *ГъэрыпIэм къикIыжахэр*

4 Къалэр инт, хуитт, ауэ дэсыр мащIэ дыдэт, унэхэр псори зэкIэ
зэфIэдгъэувэжатэкъым. 5 ЛIакъуэлIэшхэр*, унафэщIхэр, цIыхубэр
зэхуэсшэсу лъэпкъ-лъэпкъкIэрэ къыхэстхыкIыну Тхьэм сигу къри-
лъхьащ. Абы хэту, япэу къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэмрэ ахэр къы-
зытехъукIахэмрэ зэрыт тхылъ къэзгъуэтащ. Абы мыпхуэдэу итт:

6-7 «Мыхэрщ бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр[b] гъэру иубыдахэм
ящыщу къэзыгъэзэжахэр. Ахэр Зэрубабыл, Йушэ, Нэхьэмий,
Азэрей, АрэIэмей, Нэхьмэний, Мардэхей, Былшан, МыспэрэтI,
Быгуей, Нэхъум, БэIэнэ сымэ я гъусэу Ерусэлим, Ехьудейм
кIуэжри, щхьэж и къалэ дэтIысхьэжащ. Мис исрэIил лъэпкъым
щыщу къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр:

8 ПэрIуш къытехъукIахэр – минитIрэ щэрэ блыщIрэ тIу;
9 Щэфатей къытехъукIахэр – щищрэ блыщIрэ тIу;
10 Арэхъ къытехъукIахэр – щихрэ тхущIрэ тIу;
11 Пэхьэтмэуаб (Йушэрэ Йоуабрэ я лъэныкъуэкIэ) къыте-
хъукIахэр – минитIрэ щийрэ пщыкIуий;
12 Елэм къытехъукIахэр – минрэ щитIрэ тхущIрэ плIы;
13 ЗэтIу къытехъукIахэр – щийрэ плIыщIрэ тху;
14 Зэкъей къытехъукIахэр – щиблрэ хыщI;

---

a 7:3 Е: «Къалэдэсхэр гъуэлъыжыхукIэ».

b 7:6-7 Нэбыхъунэщыр ЕтIуанэм ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 605 гъэм ще-
гъэжьауэ 562 гъэм нэс Бабылейм пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ. Аращ ди
лъэхъэнэр къихьэным ипэ 597 гъэм Ерусэлим ебгъэрыкIуэу къэзызэуар, мин
бжыгъэкIэ гъэру иубыда цIыхухэр Бабылей зыхуар.

15 Бинуй къытехъукIахэр – щихрэ плIыщIрэ и;
16 Бэбей къытехъукIахэр – щихрэ тIощIрэ и;
17 Азгъэд къытехъукIахэр – минитIрэ щищрэ тIощIрэ тIу;
18 АдунейкIэм къытехъукIахэр – щихрэ хыщIрэ блы;
19 Быгуей къытехъукIахэр – минитIрэ хыщIрэ блы;
20 Адин къытехъукIахэр – щихрэ тхущIрэ тху;
21 Атэр (ХъызэкIей и лъэныкъуэкIэ) къытехъукIахэр –
бгъущIрэ и;
22 Хьэшум къытехъукIахэр – щищрэ тIощIрэ и;
23 Бэзей къытехъукIахэр – щищрэ тIощIрэ плIы;
24 Хьэриф къытехъукIахэр – щэрэ пщыкIутI;
25 Джэбэн къытехъукIахэр – бгъущIрэ тху.

26 Бэтлахьым, НэтIэуэф щыпсэухэр – щэрэ ищIрэ и;
27 Анэтут щыщхэр – щэрэ тIощIрэ и;
28 Бэтазмэуэт щыщхэр – плIыщIрэ тIу;
29 Къэрэтэрам, Чэфырэ, Бэурэт щыщхэр – щиблрэ плIыщI-
рэ щы;
30 Арэмэхь, Джыбэхь щыщхэр – щихрэ тIощIрэ зы;
31 Мыхьмэс щыщхэр – щэрэ тIощIрэ тIу;
32 БэтIэл, Iэят щыщхэр – щэрэ тIощIрэ щы;
33 адрей Нэбэу къалэм щыщхэр – тхущIрэ тIу;
34 адрей Елэм къалэм щыщхэр – минрэ щитIрэ тхущIрэ плIы;
35 Хьэрым щыщхэр – щищрэ тIощI;
36 Йэрыхъуэ щыщхэр – щищрэ плIыщIрэ тху;
37 Луд, Хьэдид, Iуэну щыщхэр – щиблрэ тIощIрэ зы;
38 Сэней щыщхэр – минищрэ щибгъурэ щэщI.

39 Тхьэпщ къэзыгъэзэжахэр:
Йадей и щIэблэм щыщхэр (Йушэ и унагъуэм и лъэныкъуэ-
кIэ) – щибгъурэ блыщIрэ щы;
40 Имер и щIэблэм щыщхэр – минрэ тхущIрэ тIу;
41 Пэщгъур и щIэблэм щыщхэр – минрэ щитIрэ плIыщIрэ блы;
42 Хьэрым и щIэблэм щыщхэр – минрэ пщыкIубл.

43 Лэбийхэм ящыщу къэзыгъэзэжахэр:
Йушэ, КъэдымрэIил, Бинуй, Хъуэдэуей сымэ къатехъукIа-
хэр[a] блыщIрэ плIы мэхъу.

44 УэрэджыIакIуэ къэзыгъэзэжахэр:
Ащэф и щIэблэм щыщхэр – щэрэ плIыщIрэ и мэхъу.

45 БжэIут къэзыгъэзэжахэр:
Щалум, Атэр, Тэлмун, Акъуб, Хьэтитэ, Шубей сымэ къа-
техъукIыжахэр щэрэ щэщIрэ и мэхъу.

46 Лэбийхэм пщылIу иратахэм щыщу къэзыгъэзэжахэр:
Зыхьэ, Хьэсуфэ, Тэбэуэт,
47 Къыруэс, Сей, Пэдэуэн,
48 Лэбанэ, Хьэгъабэ, Щэмлей,
49 Хьэнан, ДжэдылI, Джэхъар,
50 Арей, Арзэн, Нэкъудэ,
51 Джэзам, Iузэ, Пасэхъу,
52 Бэсей, МэIунит, Нэфсим,
53 Бэчбыкъуэ, Хьэкъуфэ, Хьэрхъур,
54 БэзлутI, Мэхьидэ, Хьэрышэ,
55 Бэркъуэс, Щэщэр, Тэмахъэ,
56 Нэзей, Хьэтыфэ сымэ я щIэблэр.
57 Сэлмэн и лIыщIэхэм къатехъукIахэр:
Сэтей, СэфэрэтI, Пэрыуэд,
58 ЙаIэл, Дэркъуэн, ДжыдэлI,
59 Щэфатей, ХьэтIил, Пэкуэрэтхьэзыбэм, Амун сымэ я
щIэблэр.

60 Лэбийхэм пщылIу иратахэмрэ Сэлмэн и лIыщIэхэм къатехъу-
кIахэмрэ зэгъусэу щищрэ бгъущIрэ тIу мэхъу.

[a] 7:43 Е: «Йушэ (Хъуэдэуей и лъэныкъуэкIэ КъэдымрэIил и щIэблэу) къыте-
хъукIахэр».

61 ИсрэIил къазэрытехъукIар зымыгъэнэхуэфауэ Тэлмэлэхь,
Тэлхьэрышэ, Хъурыб, Адун, Имер къалэхэм къикIахэр мыхэрщ:
62 Дэлей, Тубей, Нэкъудэ сымэ я щIэблэр псори зэхэту
щихрэ плIыщIрэ тIу мэхъу.

63-64 Мыхэр тхьэпщхэм зэращыщым щыхьэт техъуэ тхылъ, лъы-
хъуами, зымыгъуэтыжахэрщ:
Хьэбей, Хьэкуэз, Бэрзылай сымэ я щIэблэр. Бэрзылай
езыр ДжылыIэдейм щыщ Бэрзылай и пхъур щхьэгъусэ зы-
щIу и цIэри къэзыщтэжарщ.
Ахэр псори мыкъабзэу къалъытэри тхьэпщ хьэкъым пэIэщIэ
хуащIащ. 65 Ехьудей хэкум и тетым абыхэм унафэ яхуищIащ ури-
мымрэ тумимымрэ* къэзыгъэсэбэпыфыну тхьэпщ къыкъуэкIыху
ерыскъы лъапIэ зыIуамыгъэхуэну.

66 Псори зэхэту ахэр цIыху мин плIыщIрэ тIурэ цIыху щищрэ
хыщIрэ хъурт, 67 цIыхухъуи цIыхубзи унэIут миниблырэ щищ-
рэ щэщIрэ блыр хэмыту; абыхэм иджыри я гъусэт цIыхухъуи
цIыхубзи уэрэджыIакIуэу щитIрэ плIыщIрэ тху. 68 Абыхэм
шыуэ щиблрэ щэщIрэ хырэ, къыдыру* щитIрэ плIыщIрэ тху-
рэ,[a] 69 махъшэу щиплIрэ щэщIрэ тхурэ, шыду минихрэ щиблрэ
тIощI яIэт.

70 Языныкъуэ унагъуэхэм я тхьэмадэхэм ухуэныгъэм щхьэкIэ
мылъку хатыкIырт. Хэгъэгум и тетым хъугъуэфIыгъуэщым щIалъ-
хьэну дыщэу дарыкъ мин[b], фалъэу тхущI, тхьэпщ джанэу щэщI,
дыжьыну минэу щитху итащ[c]. 71 Тхьэмадэхэм ухуэныгъэм щхьэкIэ

---

*a* **7:68** Мы едзыгъуэр пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэм языныкъуэхэм хэтщ (Гъузер 2:66 едзыгъуэми еплъ), ауэ нэхъыбэм уащрихьэлIэркъым.

*b* **7:70** Килограммийрэ ныкъуэрэ хуэдиз мэхъу.

*c* **7:70** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым: «тхьэпщ джанэу щэщIрэ, […] щитху-рэ». «Щитху» псалъэр зэхьэлIа щыIэцIэр дэхуауэ къыщIэкIынщ. НэгъуэщI едзыгъуэхэм зэрыхэтымкIэ «дыжьыну минэу щитху» къикIыу къэплъытэ хъунущ. Ар килограмм щищ хуэдиз мэхъу.

дыщэу дарыкъ мин тIощIрэ[a] дыжьыну минэ минитIрэ щитIрэ[b] ятащ.
72 Адрей цIыхухэм лэжьыгъэм халъхьар дыщэу дарыкъ мин тIощI,
дыжьыну минэ минитI[c], тхьэпщ джанэу хыщIрэ блырэ хъурт.
73 Тхьэпщхэри, лэбийхэри, бжэIутхэри, уэрэджыIакIуэхэри, лэ-
бийхэм пщылIу иратахэу цIыхубэм щыщхэри, адрей исрэIилхэри
я къалэхэм дэтIысхьэжащ».

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

### *Гъузер лъэпкъым Хабзэм къызэрыхуеджар*

8 1 Ебланэ мазэр къихьат. ИсрэIилхэр я къалэхэм дэтIысхьэ-
жауэ дэст. Лъэпкъыр зылI и быну Псы куэбжэ дыхьэпIэм
къыпэщылъ утым* щызэхуэсащ. Ахэр дингъуазэ Гъузер елъэIуащ
ТХЬЭМ ИсрэIилым къритауэ Мусэ итхыжа Хабзэр зэрыт тхы-
лъыр къихьыну.
2 Ебланэ мазэм и япэ махуэм[d] тхьэпщ Гъузер Хабзэр зэрыт тхы-
лъыр зэхуэсым къихьащ. Абы цIыхухъуи, цIыхубзи, зыгуэр къы-
зыгурыIуэ хъуа сабийхэри кърихьэлIат. 3 Нэхущым щыщIэдзауэ
шэджагъуэ хъуху цIыхубэм я пащхьэм къиту Гъузер Псы куэбжэ
дыхьэпIэм деж щыIэ утым Хабзэм къыщеджащ. Абы гупсэхуу
лъэпкъ псор едэIуащ.
4 Дингъуазэ Гъузер мы Iуэхугъуэм щхьэкIэ ящIа пхъэ лъагапIэм
тетт. Абы и ижьырабгъумкIэ къыщытт МэтIытIей, Шэмей, Аней,
Iурей, Хьэлкъей, МэIэсей, и сэмэгурабгъумкIэ Пэдей, МышрэIил,
Мэлычей, Хьэшум, Хьэшбэдан, Зэчрей, Мэшуламэ сымэ къы-
щытт.
5 Псоми къалъагъуфу цIыхубэм къащхьэщыт Гъузер тхылъыр
къыщызэIуихым, лъэпкъыр зэщIэтэджащ. 6 Гъузер ТХЬЭМ, Тхьэ-
шхуэм, фIыщIэ хуищIащ, цIыхубэми я Iэр яIэтри «Iэмин! Iэмин!»

[a] 7:71 Килограммищэрэ блыщI хуэдиз мэхъу.
[b] 7:71 Килограмм минрэ щищрэ тIощI хуэдиз мэхъу.
[c] 7:72 Килограмм минрэ щитIрэ хуэдиз мэхъу.
[d] 8:2 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 445 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и еянэ махуэм.

жаIэу даIыгъащ. ТХЬЭМ пщIэ хуащIу я щхьэр ягъэщхъри, щIым
нэсыху щхьэщэ хуащIащ. [7] Лэбийхэм – Йушэ, Бэний, Шэрэбей,
Йамин, Акъуб, ЩэбэтIей, Хъуэдей, МэIэсей, ЧэлытIэ, Азэрей,
Йозэуад, Хьэнан, Пэлей сымэ – къызэхуэсауэ щытхэр яущийрт.
[8] Тхьэм и Хабзэр зэрыт тхылъым кърадджыкIыр цIыхубэм гурыIуэ-
гъуэ щыхъун щхьэкIэ, псалъэхэм къарыкIыр, абыхэм я мыхьэнэр
лэбийхэм къаIуатэрт.

[9] Хабзэм итыр щызэхахым цIыхухэр къэгъащ. Абы щыгъуэ хэ-
гъэгум и тет Нэхьэмийрэ, дингъуазэ Гъузер-тхьэпщрэ, лъэпкъыр
зыущий лэбийхэр ящIыгъуу, цIыхубэр ягъэгушхуащ: «Мы махуэр
ТХЬЭМ, фи Тхьэм, дежкIэ махуэ лъапIэщ. Фымынэщхъей икIи
фымыгъ, – жаIэри. – [10] ФыкIуэ, ерыскъы нэхъыфIыр зыIувгъахуэ,
санэпс нэхъ гуакIуэм фефэ, а псор зимыIэм фадэгуашэ. Мы махуэр
ди Тхьэу Тепщэныгъэ ЗиIэм и дежкIэ лъапIэщ. Фымынэщхъей.
ТХЬЭМ къывит гуфIэгъуэр фи къарущ!»

[11] «Къэвгъанэ щыгъуэныр, – ягъэудэIурт цIыхубэр лэбийхэм. –
Мыр махуэ лъапIэщ, фынэщхъеину къезэгъыркъым».

[12] ЗыщIагъэдэIуа псалъэхэм я мыхьэнэр къащыгурыIуэм, цIыху-
бэр, гуфIэгъуэм зэщIиIэтауэ, зэбгрыкIыжащ, махуэр ягъэлъапIэу
ефэ-ешхэну, ерыскъыкIэ зэдэгуэшэну.

## *ПщыIэтесхэм я махуэщIыр*

[13] А мазэм и етIуанэ махуэм Хабзэм ит псалъэхэр зрагъэщIэну
унагъуэхэм я нэхъыжьхэр, тхьэпщхэр, лэбийхэр Гъузер и деж щы-
зэхуэсащ. [14] ТХЬЭМ Мусэ кърита Хабзэм абыхэм кърадджыкIащ
ебланэ мазэм махуэшхуэр щагъэлъапIэкIэ, исрэIилхэр пщыIэхэм
щыпсэун хуейуэ[a]. [15] Абыхэм хъыбарыр зэбгратыкIын, я къалэхэм,
Ерусэлими хэту, мыпхуэдэу щагъэIун хуейт: «Бгылъэхэм фыкIуи,
Хабзэм зэритым хуэдэу, пщыIэ ирифщIыну хадэхэми мэзми къы-
щыкI зейтун*, мирт жыг, чыцIыбжьей къудамэхэр, нэгъуэщI жыг
къудамэбэхэм щыщи къэфхь».

[a] **8:14** «ПщыIэтесхэм я махуэщIыр» хуэунэтIащ исрэIилхэр пшахъуэщIым щитым
Тхьэр къазэрыщхьэщытам.

[16] Цlыхухэр кlуэщ, жыг къудамэхэр къахьри, хэти и унащхьэм,
хэти и пщlантlэм пщыlэхэр щащlащ. Тхьэм и Унэм ихъуреягъкlи,
Псы куэбжэмрэ Ефрэlим куэбжэмрэ я дыхьэпlэхэм деж щыlэ
утхэми пщыlэхэр щагъэуващ. [17] Гъэрыпlэм къикlыжахэм псоми
пщыlэ ящlри абы щыпсэуащ. Нун и къуэ Йушэ и лъэхъэнэ лъан-
дэрэ исрэlилхэм апхуэдэу ящlатэкъыми, иджы абыхэм я гуфlэ-
гъуэшхуэт.
[18] Зы махуэ къэмынэу – япэ махуэм щегъэжьауэ иужьрей махуэм
нэсыху – Гъузер Тхьэм и Хабзэр зэрыт тхылъым еджащ. Исрэlил-
хэм гуфlэгъуэшхуэр махуиблкlэ ягъэлъэпlащ. Еянэ махуэр, Хабзэм
тету, гуфlэгъуэр зэхуэсышхуэкlэ иухащ.

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Лъэпкъым Тхьэм и пащхьэм иту и гуэныхьхэмкlэ зэрызиумысыжар*

**9** [1] А мазэ дыдэм и тlощlрэ еплlанэ махуэм исрэlилхэр щыгъын
къурэхэр ящыгърэ я щхьэм сабэр къыхэщэщу[a] нэщl исыну
зэхуэсащ. [2] Абы щхьэкlэ исрэlилхэр а махуэм хамэ лъэпкъхэм
щыщхэм пэlэщlэ зыхуащlат. Ахэр я гуэныхьхэмкlэ, я адэжьхэм
ялэжьа хабзэншагъэхэмкlэ заумысыжу зэхэтт. [3] Сыхьэтищкlэ я
пlэм имыкlыу ТХЬЭМ и Хабзэм еджэу зэхэтащ. Я Тхьэм щхьэ-
щэ хуащlу иджыри сыхьэтищкlэ тобэ къахьыжащ. [4] Йушэ, Бэний,
Къэдымрэlил, Шэбэней, Буний, Шэрэбей, Бэний, Чэнаний сымэ
лэбийхэм я лъагапlэм теувэри, ТХЬЭМ, я Тхьэм, я макъым къы-
зэрихькlэ зыхуагъэзащ. [5] «Зыфlэти, ТХЬЭМ, фи Тхьэм, игъащlэ
псокlэ щlыхь хуэфщl», – къыхураджащ цlыхубэр лэбийхэу Йушэ,
Къэдымрэlил, Бэний, Хьэшбэней, Шэрэбей, Хъуэдей, Шэбэней,
Пlэтlэхей сымэ. Итlанэ абыхэм Тхьэм зыхуагъэзащ:

[a] **9:1** Къуэкlыпlэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм гуауэ къащылъэlэскlэ, я щыгъын щlыlутелъхэр зэхачатхъэрэ щыгъын къурэхэр къызыщатlагъэу, сабэр, ятlэр е сахуэр я щхьэм драпхъейуэ хабзэ яхэлъащ.

«Сыт хуэдэ фIыщIэмрэ щытхъумрэ нэхъри нэхъ лъагэу уи
цIэ лъапIэр ирейу.
6 Уэзыращ ТХЬЭР. УафэщIхэри, уафэщIхэм я уафэгухэри,
абыхэм ярыт вагъуэбэри, щIыри, абы тет псори, хыхэри, абыхэм
хэсхэри къэзыгъэщIар Уэращ. Уэращ сыт ищIысми псэ хэзылъ-
хьэр, мелыIычыдзэми щхьэщэ зыхуищIыр Уэращ.
7 Уэ ди Тхьэ, Ибрэм[a] къыхэпхщ, Бабылей[b] хэкум хыхьэ Ур
къалэм къыипшри, Ибрэхьим[c] фIэпщыжащ. 8 Ар гурэ псэкIэ къы-
пхуэпэжыну къэплъытэри, хьэнэнейхэм, хьетхэм, амэрейхэм,
пэризейхэм, еусейхэм, джырджэшхэм ящIхэр абы и щIэблэм
зэрептынумкIэ Iуагъэ епщIылIащ. Уи псалъэм утетыжащ – Уэ
пэжым урителъхьэщ.
9 Уэ плъэгъуащ ди адэжьхэм Мысырым щателъа бэлыхьыр,
ахэр Къамылых Iуфэм деж щыту къыщыджам зэхэпхащ.
10 Мысырхэм лей зэрахьэр плъагъурти, фирхьэунми, абы и блы-
гущIэтхэми, я лъэпкъми узэрыпэщIэтым и нэщэнэ телъыджэхэр
наIуэ пщIащ. АбыкIэ бгъэлъэпIа уи цIэр нобэр къыздэсми лъа-
гэу Iэтащ. 11 Уэ хым и псыр зэкIэщIэбгъэкIуэтри, ди адэжьхэр
щIыгум ирикIуэм хуэдэу абы икIащ. Абыхэм къакIэлъыпхъэра
мысырхэр псы уэрым хадза мывэм ещхьу псым щIэбгъэнащ.
12 МахуэкIэ Уэ ди адэжьхэм пшэ гуэрэнымкIэ гъуэгур яхуэ-
бгъэлъагъуэрт, жэщкIэ мафIэ гуэрэнымкIэ ар яхуэбгъэнэхурт.
13 Уэ СэнаI Iуащхьэм укъыщехри, уафэм уиту абыхэм уепсэ-
лъащ. Унафэ захуэхэр, ущие пэжхэр, яфI къызэрыкIын хабзэ-
хэр, гъэзэщIапхъэхэр ябгъэдэплъхьащ. 14 Уэ яхуэбгъэлъэгъуащ
абыхэм уи щэбэт лъапIэри, уи жыIэщIэ Мусэ абыхэм яребгъэ-
гъэщIащ уи унафэхэри, гъэзэщIапхъэхэри, Хабзэри. 15 Ахэр
щымэжалIэм уафэм щIакхъуэ къахуебгъэхащ, псы щахуэлIэм
къырым псы къахудэбгъэжащ. Быдэу къызэрыбгъэгугъауэ
щыта щIыгум ихьэу яубыдыну унафэ яхуэпщIащ.

[a] 9:7 ЦIэм «адэ хэIэтыкIа» мыхьэнэр иIэщ.
[b] 9:7 Журт. «Халдей». Халдейхэр Бабылей хэкум и ипщэрабгъу щIыналъэм щы-
псэуа лъэпкъщ.
[c] 9:7 ЦIэм «куэдым я адэ» мыхьэнэр иIэщ.

[16] Ауэ ди адэжьхэм загъэпагэу щIадзэщ, ерыщ екIуэри уи
унафэхэм текIащ. [17-18] Я нэгу щIэбгъэкIа телъыджэхэр ящы-
гъупщэжри мыдэIуэж хъуащ. Яукъуэдийри, мысыр пщылIы-
пIэм изышэжын пашэ хахащ. Ауэ Уэ лей зыгъэгъу, гумащIэ,
гущIэгъулы*, шыIагъэшхуэ зыхэлъ, фIылъагъуныгъэр зи бэ
у-Тхьэщ. Танэ теплъэ зиIэ скъар* ягъэжу „мыращ Мысырым
фыкъизышыжа фи тхьэр“ щыжаIами, уи деж нэмысын мыхъу-
мыщIагъэхэр щалэжьами, ахэр убгынакъым.
[19] Уи гущIэгъу иным хэбнатэкъыми, ахэр пшахъуэщIым я
закъуэу къибнакъым. ЩIэмычэу махуэкIэрэ пшэ гуэрэнымкIэ
я гъуэгур яхуэбгъэлъагъуэрт, жэщкIэрэ мафIэ гуэрэнымкIэ ар
яхуэбгъэнэхурт. [20] Гъуазэ яхуэхъуну уи Псэр ептащ. Я ныбэр
щынэщIым мэIэн[a] щыбгъэщIакъым, псы щахуэлIэм ептащ.
[21] ПшахъуэщIым щагъэкIуа илъэс плIыщIми Уэ абыхэм щIэ-
гъэкъуэн уахуэхъуащ. Ахэр зыри хуэныкъуакъым, я щыгъынри
лажьэртэкъым, я лъэри бэгыртэкъым.
[22] Пщыгъуэхэмрэ лъэпкъхэмрэ ди адэжьхэм я IэмыщIэ
иплъхьэри зы щIы кIапэлъапэ къэмынэу ятебгуэшэжащ.
Абыхэм зыIэрагъэхьащ хьэшбэныпщ Сихъуэнрэ бэшаныпщ
Iуэгъурэ я пщыгъуэхэр. [23] Абыхэм я щIэблэр уафэгум щи-
къухьа вагъуэхэм хуэдэу бгъэбагъуэри, я адэжьхэр къызэ-
рыбгъэгугъа щIыр къазэуну ибгъэхьащ. [24] Зэрыхьа щIыгур
зыIэрагъэхьащ. Абы щыпсэу хьэнэнейхэр бгъэIэсэри абыхэми
ятебгъэкIуащ. Хьэнэнеипщхэри, адрей лъэпкъхэри исрэIилхэм
я IэмыщIэм иплъхьэри зыхуей иращIэну хуит пщIащ. [25] Абы-
хэм яубыдащ быдапIэу къэщIыхьа къалэхэмрэ щIы пшэр-
хэмрэ. ХъугъуэфIыгъуэхэр куэду зыщIэлъ, псыкъуий зыхэт
лъапсэхэри, жызумейхэри, зейтун* жыг хадэхэри, пхъэщхьэ-
мыщхьэ жыг зыкъоми зыIэрагъэхьащ. Ахэр Уэ яхуэбгъэфэща
бэвыгъэм хэшхыкIырт, я ныбэр из ящIырт, апхуэдэурэ пшэр
хъухэрт, тхъэхэрт.

[a] 9:20 Илъэс плIыщIкIэ пщэдджыжь къэс исрэIилхэм къуэнгын жылэм ещхь гуэр щIым щылъу къагъуэтт. Ар бгъави бгъажьи хъурт. Еплъ МысырикIыж 16:35.

[26] Ауэ ахэр жыIэмыщIэ хъуащ, уи Хабзэр IэщIыб ящIри
къыппэщIэувэжахэщ. Гъуэгу пэж тезыгъэувэжыну зыущий уи
бегъымбархэр яукIащ, уи деж нэмысын мыхъумыщIагъэ куэд
ялэжьащ. [27] Апхуэдэу щыхъум, ахэр бийм и IэмыщIэ иплъхьэ-
ри, тегушхуэгъуафIэ ебгъэщIащ. Ауэ къыщыдакъузэм лъэIукIэ
зызыхуагъазэр Уэрат. Я тхьэусыхафэр уафэм щызэхэпхырти,
уи гущIэгъу иным къыхэкIыу, жагъуэгъухэм къаIэщIэзыхых къе-
гъэлакIуэхэр яхуэбгъакIуэрт.
[28] Ауэ псэхугъуэ зэрагъуэтыжу гуэныхь зыпылъ куэд ялэжьу
щIадзэжырт. Уэри ахэр аргуэру бийм и IэмыщIэ иплъхьэжыр-
ти абы и унафэм щIэбгъэтт. УафэщIым уздитым ахэр аргуэру
къызэролъэIур щызэхэпхырти, уи гущIэгъу иным хыумынэу,
сыт щыгъуи къебгъэлт.
[29] Уи Хабзэм техьэжыну къыхуебджэрт, ауэ загъэпагэу
уи ущием едаIуэртэкъым. ЦIыхум гъащIэфI къыхуэзыхь уи
унафэхэм ебакъуэу гуэныхь зыпылъ ялэжьырт. Ерыщ екIуа-
уэ я щIыб къыпхуагъазэрт, къодаIуэтэкъым. [30] Уэ ахэр илъэс
куэдкIэ пшэчащ. ЯхуэбгъакIуэ уи бегъымбархэми уи ПсэмкIэ
ахэр гъуэгу пэжым трагъэувэну иужь итхэт. ЗэрымыдаIуэм
щхьэкIэ, Уэ ахэр хамэ лъэпкъхэм я IэмыщIэ иплъхьащ. [31] Ауэ
узэрыгумащIэм, гущIэгъу зэрыпхэлъым къыхэкIыу, Уэ ахэр
зэрыщыту бгъэкIуэдакъым икIи убгынакъым. Пэжу, Уэ у-Тхьэ
гущIэгъулыщ.
[32] Лъэщрэ фIэлIыкI зиIэ Тхьэ, Iуагъэр зыхъумэу лъагъу-
ныгъэ мыкIуэщIыр къызыбгъэдэкI ди Тхьэшхуэ! Ащурей
пащтыхьхэм я лъэхъэнэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым ди
пащтыхьхэмрэ ди пашэхэмрэ, ди тхьэпщхэмрэ бегъымбар-
хэмрэ, ди адэжьхэм, уи лъэпкъ псом къатепсыха бэлыхьыр
цIыкIуфэкIуу къыумылъытэ. [33] Узахуэщ къытлъыса псомкIи, Уэ
укъытхуэпэжт, дэ лей зетхьэрт. [34] Ди пащтыхьхэри, пашэхэри,
тхьэпщхэри, ди адэжьхэри уи Хабзэм теттэкъым. ЩIэдэIуртэ-
къым ахэр уи ущиеми, уи унафэхэри ягъэзащIэртэкъым. [35] Я па-
щтыхьыгъуэ яIэж пэтми, гъавэ бэв къызытекI щIышхуэ ептауэ

уи жумартагъым* хэтхъыкI пэтми, ахэр Уэ уи жыIэщIэтэкъым,
бзаджэнаджагъи зэрахьэн къагъанэртэкъым.
[36] Мис иджы дэ щхьэхуимыт дыхъуащ! ЗыхэтхъыкIыну,
къыщыхъу пхъэщхьэмыщхьэр яшхыу псэуну ди адэжьхэм епта
щIым дэ пщIылI дыщыхъуащ! [37] Ди гуэныхьхэм щхьэкIэ зи
IэмыщIэ диплъхьа пащтыхьхэм гъавэ бэвыр къалъос. Абыхэм
зэрыхуейуэ дэри ди Iэщми унафэ ращIэ. Насыпыншагъэшхуэм
дыхэтщ!»

### *Лъэпкъыр Хабзэм тетыну къалэну зэрызэхуигъэувыжар*

[38] «Аращи, псалъэ быдэ дот, ар дотхыжри, ди пашэхэми, лэбийхэми, тхьэпщхэми я мыхъурыр трагъэувэ».

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

**10** [1] Тхылъым мыхъур япэу трагъэуващ Хьэджэлей и къуэу
хэгъэгум и тет Нэхьэмиймрэ Садыкъейрэ[a].

[2] КъыкIэлъыкIуэу я мыхъурыр трагъэуващ тхьэпщхэу
Сэрей, Азэрей, Ерэмей,
[3] Пэщгъур, Хьэмэрей, Мэлычей,
[4] Хьэтуш, Шэбэней, Мэлыкъу,
[5] Хьэрым, МэрэмытI, Iэбэдей,
[6] Данил, Джынтун, Бэрыхъу,
[7] Мэшуламэ, Абий, Меймин,
[8] МэIэзей, Былгъей, Шэмей сымэ.

[9] Лэбийхэу Азэней и къуэ Йушэ,
Хьэнэдад и лъэпкъым щыщ Бинуй, КъэдымрэIил,
[10] абыхэм я лъэпкъэгъухэу Шэбэней, Хъуэдей, ЧэлытIэ,
Пэлей, Хьэнан,

---

[a] **10:1** Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, мыр нэгъуэщIу СадыкъкIэ зэджэ Нэхьэмий и тхакIуэращ. Еплъ 13:13.

11 Мыхъэ, Архъуб, Хьэшэбей,
12 ЗэкIур, Шэрэбей, Шэбэней,
13 Хъуэдей, Бэний, Бэнину сыми
я мыхъурыр зэгурыIуэныгъэм трагъэуващ.

14 Лъэпкъым и пашэхэу
ПэрIуш, Пэхьэтмэуаб, Елэм, ЗэтIу, Бэний,
15 Буний, Азгъэд, Бэбей,
16 Адоней, Быгуей, Адин,
17 Атэр, ХъызэкIей, Азур,
18 Хъуэдей, Хьэшум, Бэзей,
19 Хьэриф, Анэтут, Нэбай,
20 Магъпэщ, Мэшуламэ, Хьэзыр,
21 Мэшэзабэл, Садыкъ, Йаду,
22 Пэлэтей, Хьэнан, Аней,
23 Уэщий, Хьэнаней, Хьэшуб,
24 Хьэлухэш, Пылъхьэ, Шубэч,
25 Архьум, Хьэшэбынэ, МэIэсей,
26 Ахъия, Хьэнан, Анан,
27 Мэлыкъу, Хьэрым, БэIэнэ сыми
дэфтэрым я мыхъурыр трагъэуващ.

28 Адрейхэми – тхьэпщхэм, лэбийхэм, бжэIутхэм, уэрэджыIа-
кIуэхэм, лэбийхэм пщылIу иратахэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэ-
кIыу Тхьэм и Хабзэр къэзыщтахэм, къэхъур къызыгурыIуэфыну
бынхэри, я щхьэгъусэхэри ящIыгъуу, – 29 я лIакъуэлIэшхэм* я
гъусэу тхьэрыIуэ ящIащ Мусэ и IэкIэ Тхьэм къарита Хабзэр ягъэ-
зэщIэну:

«ТХЬЭМ, ди Тхьэм и нэлатыр къыттрехуэ и унафэхэм,
ущиехэм, гъэзэщIапхъэхэм ткIийуэ дытемытмэ.

30 Дыкъэзыухъуреихь лъэпкъхэм дипхъухэр нысэу еттыну-
къым, ди къуэхэми абыхэм япхъухэр къэдгъэшэнукъым.

31 Ахэр щэбэт махуэу е нэгъуэщI махуэ лъапIэхэм хуэзэу
гъавэ е нэгъуэщI гуэр ящэу къакIуэмэ, абыхэм я деж зыри къы-
щытщэхунукъым.

Илъэс ебланэ къэс щIыр дымывэу къэдгъэнэнущ икIи ди
щIыхуэ зытелъхэм яхуэдгъэгъунущ.

32 Ди Тхьэм и Унэм папщIэ илъэс къэс шэкIэлым и Iыхьэ
щанэ[a] ттыну къалэну зыхудогъэувыж: 33 Тхьэм и пащхьэ ира-
лъхьэ щIакхъуэр, махуэ къэс къахь гъавэ тыхьхэмрэ тыхь гъэ-
сынхэмрэ, щэбэтхэми, мазэщIэ тхьэлъэIуми*, нэгъуэщI махуэ
лъапIэхэми къахь къурмэнхэр, тхьэпщ хьэкъым теIуа хьэп-
шыпхэр, ИсрэIилым и цIэкIэ лажьэтехыр зэрырагъэкIуэкIын
къабзэщIыж къурмэнхэр къращэхун, ди Тхьэм и Унэр зехьэным
трагъэкIуэдэн папщIэ.

34 Дэ, тхьэпщхэм, лэбийхэм, лъэпкъым, ХабзэмкIэ ТХЬЭМ,
ди Тхьэм, и къурмэнщIыпIэм деж щагъэсыну пхъэр илъэс къэс
и чэзум къезышэлIэну унагъуэхэр пхъэидзэкIэ къыхэтхащ.

35 Абы къыдэкIуэу ди пщэ идолъхьэж япэу къетхьэлIэж гъа-
вэри жыг къэс япэу къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэри ТХЬЭМ
и Унэм къетхьэлIэну. 36 Хабзэм дытету тхьэпщ хьэкъыр зи пщэ
илъхэм ди къуэ пэлъхухэмрэ ди жэмым, мэлым, бжэным я щIэ-
жьей щыпэлъхухэмрэ[b] ди Тхьэм и Унэм яхуэтшэнущ. 37 Тхьэж
гъавэми, хьэжыгъэхэкI тыхьхэми, ди жыгхэм къапыкIэ пхъэ-
щхьэмыщхьэхэми, санэ щIэхуагъащIэми, зейтун* дагъэми
щыщу япэу къетхьэлIэжыр[c] ди Тхьэм и Унэм и хъумапIэм,
тхьэпщхэм я деж, къэтхьынущ. Ди гъавэм и Iыхьэ пщIанэр
лэбийхэм еттынущ – щIы щызетхьэ къалэу хъуам къыщытетх
гъавэм и Iыхьэ пщIанэр къыхэзыхын хуейр ахэращ.

---

a **10:32** ГраммиплI хуэдиз хъун дыжьын.

b **10:36** Мусэ исрэIилхэр Мысырым къыщришыжа лъэхъэнэм Тхьэм хабзэу къы-
хилъхьат, цIыхухэми, Iэщми я щыпэлъхухэр и Унэм кърашэлIэну. Къурмэн
пщIы хъуну Iэщыр тхьэпщхэм къыхуагъанэрт, я къуэхэр исрэIилхэм мылъапIэу
къащэхужырт. Еплъ МысырикIыж 13:2, ПшахъуэщIым 18:15.

c **10:37** *япэу къетхьэлIэжыр* Е: «къетхьэлIэжым и нэхъыфI дыдэр».

[38] Лэбийхэм къалъыс я Iыхьэ пщIанэр щыхахкIэ, абыхэм
Хьэрун къытехъукIа тхьэпщхэм ящыщ я гъусэн хуейщ. Лэ-
бийхэм къатохуэ а къыхахам и Iыхьэ пщIанэр ди Тхьэм и Унэм
и хъумапIэхэм яхьыну. [39] ИсрэIилхэми, лэбийхэри яхэту, тыхь-
хэм – гъавэм, санэщIэм, дагъэм – щыщ Iыхьэ хэхахэр Тхьэм
и Унэ хьэпшып лъапIэхэр щахъумэм, тхьэпщхэм, бжэIутхэм,
уэрэджыIакIуэхэм къулыкъу щрахьэкIым яхьынущ.
Ди Тхьэм и Унэр гулъытэншэу къэдгъэнэнукъым».

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ IЫХЬЭ

### *Ерусэлим дэсахэр*

**11** [1] Лъэпкъым и унафэщIхэр Ерусэлим щыпсэурт. Лъэпкъым
щыщ мыдрей цIыхухэм къалэ лъапIэм дагъэтIысхьэну уна-
гъуипщI къэс зы унагъуэ пхъэидзэкIэ къыхахащ. Адрейхэр щыпсэу
къалэхэм къыщынэжырт. [2] Ерусэлим щыпсэуну гукъыдэж зыщI
унагъуэхэм Тхьэм и нэфI къащыхуэну цIыхубэр яхуэлъэIуащ.
[3-4] А лъэхъэнэм Ехьудейм къэзыгъэзэжа исрэIилхэри, тхьэпщ-
хэри, лэбийхэри, лэбийхэм пщылIу иратахэри, Сэлмэн и лIыщIэ-
хэм къатехъукIахэри я адэжьхэм къащIэна лъапсэм итIысхьэжауэ
щхьэж и къалэ щыпсэужырт. Мыхэрщ Ехьудейм и пашэхэм ящыщу
Ерусэлим Iэпхъуэжахэр. Япэу мыбдежым къыщыгъэлъэгъуащ
Ехьудрэ Бенаминрэ къатехъукIахэм ящыщу къалэм зыгъэзэжахэр:

Ехьуд и лIакъуэм ящыщхэр:
Iузий и къуэ АтIей, и лъэпкъыр щIыгъуу (Iузий Зэчрей и къуэт,
Зэчрей Хьэмарий и къуэт, Хьэмарий Щэфатей и къуэт, Щэфатей
МэхьэлэлрэIил и къуэт, МэхьэлэлрэIил къызытехъукIар Пэрэзт);
[5] Бэрыхъу и къуэ МэIэсей, и лъэпкъыр щIыгъуу (Бэрыхъу Куэл-
хуэзэ и къуэт, Куэлхуэзэ Хьэзей и къуэт, Хьэзей Адей и къуэт,
Адей ЙоIэрыб и къуэт, ЙоIэрыб Зэчрей и къуэт, Зэчрей къызы-

техъукIар Шылэт). [6] Пэрэз и щIэблэм щыщу цIыху щиплIрэ хыщIрэ
ирэ, псори пщIэрэ щIыхьрэ зиIэ защIэу, Ерусэлим дэтIысхьащ.

[7] Бенамин и лIакъуэм ящыщхэр:
Мэшуламэ и къуэ Салу, и лъэпкъыр щIыгъуу (Мэшуламэ ЙоIэд
и къуэт, ЙоIэд Пэдей и къуэт, Пэдей Къуэлей и къуэт, Къуэлей
МэIэсей и къуэт, МэIэсей IитрэIил и къуэт, IитрэIил зи къуэр
Ещейт). [8] Абы къыкIэлъыкIуэрт Хьэбайрэ Сэлайрэ. Псори зэхэту
цIыху щибгъуурэ тIощIрэ ирэ хъурт. [9] Абыхэм я пашэр Зичрий и
къуэ ЙоIилт. Хьэсэнуй и къуэ Ехьуд къалэ унафэщIым и къуэдзэт.

[10] Тхьэпщхэм ящыщхэр:
ЙоIэрыб и къуэ Йадей, Йачын, [11] тхьэпщ пашэ[a] Хьэлкъей и къуэ
Сэрей (Хьэлкъей Мэшуламэ и къуэт, Мэшуламэ Садыкъ и къуэт,
Садыкъ Мэрэут и къуэт, Мэрэут зи къуэр Ахътубт), [12] Тхьэм и
Унэр зезыхьэ я лъэпкъэгъухэмрэ ящIыгъуу. Псори зэхэту цIыху
щийрэ тIощIрэ тIу хъурт. АдэкIэ Ерусэлим Iэпхъуащ тхьэпщхэу
Ерухьэм и къуэ Адейрэ (Ерухьэм Пэлэлей и къуэт, Пэлэлей
Амзий и къуэт, Амзий Зэчрей и къуэт, Зэчрей Пэщгъур и къуэт,
Пэщгъур зи къуэр Мэлычейт) [13] и лъэпкъэгъу тхьэпщхэмрэ.
Псори зэхэту лъэпкъ тхьэмадэхэр щитIрэ плIыщIрэ тIу хъурт.
Тхьэпщхэм ящыщу иджыри Ерусэлим дэтIысхьащ АзэрэIил и
къуэ Амэшэсайрэ (АзэрэIил Ахъзай и къуэт, Ахъзай МэшылмутI
и къуэт, МэшылмутI зи къуэр Имерт) [14] и лъэпкъэгъу зауэлI
хахуэхэмрэ. Псори зэхэту цIыхухъуищэрэ тIощIрэ ирэ хъурт.
Абыхэм я пашэр Хьэгъудэлим и къуэ ЗэбыдрэIилт.

[15] Лэбийхэм ящыщхэр:
Хьэшуб и къуэ Шэмей (Хьэшуб Азыркъам и къуэт, Азыркъам
Хьэшэбей и къуэт, Хьэшэбей зи къуэр Бунийт), [16] Тхьэм и
Унэм ихъуреягъкIэ щалэжьхэм кIэлъыплъыну зи пщэ далъхьа
ЩэбэтIейрэ Йозэуадрэ, [17] фIыщIэхуэщI уэрэдыр жызыIэхэм
я пашэхэу Мыхъэ и къуэ Мэтэнейрэ (Мыхъэ Забдий и къуэт,

[a] 11:11 Журт. «Тхьэм и Унэм и тет»-щ.

Забдий зи къуэр Ащэфт), абы и къуэдзэ Бэчбыкъуейрэ, Іэбыдэ
ящІыгъуу (Іэбыдэ Шэму и къуэт, Шэму Джэлэл и къуэт, Джэлэл
зи къуэр Йэдутынт). 18 Псори зэхэту къалэ лъапІэм Іэпхъуа лэ-
бийхэр цІыху щитІрэ пщІейрэ плІы хъурт.

19 БжэІутхэм ящыщхэр:
Акъубрэ Тэлмунрэ, я лъэпкъэгъу бжэІутхэр ящІыгъуу. Абыхэм
я къалэнт Тхьэм и Унэм и дыхьэпІэхэр яхъумэну. Псори зэхэту
ахэр цІыхуищэрэ блыщІрэ тІу хъурт.

20 Адрей исрэІилхэр, тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ яхэту, я адэжьхэм
къащІэна лъапсэм итІысхьэжауэ Ехьудейм и къалэхэм щыпсэурт.
21 Лэбийхэм пщылІу иратахэм Зыхьэрэ Гъышпэрэ я пашэу хэщІапІэ
яхуэхъуар Уэфэл Іуащхьэрщ.
22 Ерусэлим дэтІысхьа лэбийхэм я унафэщІыр Бэний и къуэ
Іузейт (Бэний Хьэшэбей и къуэт, Хьэшэбей Мэтэней и къуэт,
Мэтэней зи къуэр Мыхъэт). Іузей езыр Ащэф и щІэблэм къахэкІауэ
уэрэд зыгъэзащІэу Тхьэм и Унэм щылажьэхэм ящыщт. 23 Абыхэм
махуэ къэс ягъэзэщІэн хуей къалэнхэр пащтыхь унафэкІэ убзы-
хуауэ щытт.
24 ИсрэІил лъэпкъым сыт хуэдэ Іуэху къылъыкъуэмыкІми, ар
къэжэр пащтыхьым и деж нэзыгъэсыр Ехьуд и къуэ Зэрахъ и щІэ-
блэм щыщ Мэшэзабэл и къуэ ПІэтІэхейт.

## *Адрей къалэхэм зэрыдэтІысхьар*

25 Ехьудей унагъуэхэр я губгъуэ яІэжу мы къалэхэм щыпсэурт:
КъэрэтэІэрбэ, абы и Іэгъуэблагъэм щыс жылэхэм,
Дыбэн, абы хэт жылагъуэхэм, ЙэкІэбзэл, абы хыхьэ
жылэхэм,
26 Йэшу, Мулэд, Бэтпэлэт, 27 ХьэзыршуІэл, Бэрщабэ, абы
и Іэгъуэблагъэхэм щыІэ жылэхэм,
28 Зычлъэгу, Мэхъун, абы пэгъунэгъуу щыс жылэхэм,
29 Армун, Зорэ, Йармут, 30 Занэуэхъу, Адулам къалэхэм,
абыхэм я Іэгъуэблагъэхэм щыІэ жылэхэм,

Лахъыш, абы и Iэгъуэблагъэхэм, АзэкIыхь, абы пэIэгъуэу
къыщыс жылагъуэхэм.
Ахэр Бэрщабэ щегъэжьауэ ХьинэмкIэ зэджэ къуэм нэс щыпсэурт.

31 Бенамин и лIакъуэм щыщхэр щыпсэуа щIыпIэхэм хыхьэрт:
Джыбэхь, Мыхьмэс, Iэят къалэхэр,
БэтIэлрэ абы хыхьэ жылагъуэхэмрэ,
32 Анэтут, Нэб, Анэней,
33 Хьэзур, Арэмэхь, ДжытэIим,
34 Хьэдид, ЗэбуIим, Нэбэлэт,
35 Луд, Iуэну, Джэрэшым[a] къалэхэр.

36 Ехьудейм щыщ лэбийхэм язынықъуэр бенаминхэм я щIыгум
ягъэIэпхъуащ.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

### *Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм щыIа тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ я цIэхэр*

**12** 1 ШэлтэIил и къуэ Зэрубабылрэ Йушэрэ я гъусэу къэзы-
гъэзэжа тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ мыхэращ:

Сэрей, Ерэмей, Гъузер,
2 Хьэмэрей, Мэлыкъу, Хьэтуш,
3 Щэчэней, Архьум, МэрэмытI,
4 Iиду, Джынтун, Абий,
5 Меймин, МуIэдей, Былгъий,
6 Шэмей, ЙоIэрыб, Йадей,
7 Салу, Амыкъу, Хьэлкъей, Йадей сымэ.
Ахэращ Йушэ и лъэхъэнэм тхьэпщхэм я пашэу абыхэм я
лъэпкъэгъуххэу щытахэр.

[a] 11:35 ЖуртыбзэкIэ «IэщIагъэлIхэм я уэх» жиIэу къокI.

[8] Лэбийхэм ящыщу Ерусэлим япэу къагъэзэжащ Йушэ, Бинуй,
КъэдымрэIил, Шэрэбей, Ехьуд, Мэтэней сымэ. Мэтэней,
и лъэпкъэгъу лэбийхэм ящIыгъуу, фIыщIэхуэщI уэрэдхэмкIэ
жэуап ихьырт. [9] Абыхэм я гупэм къиту Бэчбыкъуейрэ Iунийрэ,
я лъэпкъэгъухэр ящIыгъуу, уэрэд жаIэрт.

[10] Тхьэпщ пашэ Йушэ Йочым и адэт, Йочым Елэшыб и адэт,
Елэшыб ЙоIэдай и адэт, [11] ЙоIэдай Йонэтан и адэт, Йонэтан
зи адэр Йадут.

[12] Йочым тхьэпщ пашэу щыщыта лъэхъэнэм тхьэпщ хьэкъыр
зыхь унагъуэхэм я нэхъыжьхэу мыхэр щытащ:
Сэрей лъэпкъым щыщу – Мэрей;
Ерэмей лъэпкъым щыщу – Хьэнаней;
[13] Гъузер лъэпкъым щыщу – Мэшуламэ;
Хьэмэрей лъэпкъым щыщу – Йохьэнан;
[14] Мэлычу лъэпкъым щыщу – Йонэтан;
Шэбэней лъэпкъым щыщу – Исуф;
[15] Хьэрым лъэпкъым щыщу – Адын;
Мэрэут лъэпкъым щыщу – Хьэлкъай;
[16] Iиду лъэпкъым щыщу – Зэчрей;
Джынтун лъэпкъым щыщу – Мэшуламэ;
[17] Абий лъэпкъым щыщу – Зичрий;
Минамин лъэпкъым щыщу – зы пашэ[a];
МуIэдей лъэпкъхэм ящыщу – Пылтей;
[18] Былгъий лъэпкъым щыщу – Шэму;
Шэмей лъэпкъым щыщу – Йонэтан;
[19] ЙоIэрыб лъэпкъым щыщу – МэтIэнай;
Йадей лъэпкъым щыщу – Iузей;
[20] Салу лъэпкъым щыщу – КIэлей;
Амыкъу лъэпкъым щыщу – Абэр;

---

[a] **12:17** Минамин лъэпкъым щыщу пашэу щытам и цIэр пасэрей журт тхыгъэм хэткъым. Iэрытххэр къизытхыкIыжахэм ящыщ гуэрым дигъэхуауэ къыщIэкIынщ.

[21] Хьэлкъей лъэпкъым щыщу – Хьэшэбей;
Йадей лъэпкъым щыщу – НэтанрэIил.

[22] Тхьэпщ пашэхэу Елэшыб, ЙоIэдай, Йохьэнан, Йаду сы-
мэ я лъэхъэнэм лэбийхэм ящыщу къыхатхыкIар унагъуэхэм я
нэхъыжьхэрщ. Апхуэдэущ къэжэр пащтыхь Дарий[a] и тетыгъуэм
тхьэпщхэри къызэрабжар. [23] Лэбий и щIэблэм щыщ унагъуэ-
хэм я нэхъыжьхэм я цIэхэр къэхъукъащIэхэр зратхэ тхылъым
иратхауэ щытащ Елэшыб и къуэ Йохьэнан щыпсэуа лъэхъэнэр
къихьэным ипэ.
[24] Лэбийхэм я пашэу щытахэр Хьэшэбей, Шэрэбей, Йушэ,
Бинуй, КъэдымрэIил[b] сымэрэ абыхэм я гупэм къиту Тхьэм
фIыщIэ хуащIу уэрэд жызыIэ я лъэпкъэгъухэмрэщ. Тхьэм
и цIыху Даут зэригъэувам хуэдэу, зы гупыр адрейм пэджэжу
Тхьэр ягъэлъапIэрт.
[25] Мэтэней, Бэчбыкъуей, Iэбэдей[c], Мэшуламэ, Тэлмун, Акъуб
сымэ Тхьэм и Унэ дыхьэпIэхэм деж щыт хъумапIэхэр яхъумэрт.

[26] Йосадыкъ и къуэ Йушэ и къуэж Йочым, хэгъэгум и тет
Нэхьэмий, дингъуазэ Гъузер-тхьэпщ сымэ я лъэхъэнэм ахэращ
щыIар.

## *Мывэхъунэр зэраумэхъар*

[27] Ерусэлим мывэхъунэр щаумэхъынум дэнэ щIыпIи щыпсэу лэ-
бийхэр къраджащ. Абыхэм я къалэнт гуфIэгъуэшхуэр фIыщIэхуэщI
уэрэдхэмкIэ, дзыргъ-дзыргъым, пшынэдыкъуакъуэхэм, пшынэ-
къуаншэхэм кърагъэкI макъамэхэмкIэ ягъэдэхэну. [28-29] УэрэджыIа-
кIуэхэр Ерусэлим ихъуреягъкIэ ахэр здитIысыкIа щIыпIэхэми,

---

[a] **12:22** Дарий цIэр зэрахьэу къэжэр пащтыхьищ щыIащ. Зи гугъу ищIыр дэтхэ-
нэрами гурыIуэгъуэкъыми, мыбдежым къыщыIуэта псори ди лъэхъэнэр къи-
хьэным ипэ еханэ, етхуанэ е еплIанэ лIэщIыгъуэм хуэпхь хъунущ.

[b] **12:24** *Йушэ, Бинуй, КъэдымрэIил* Е: «КъэдымрэIил и къуэ Йушэ».

[c] **12:25** Язынықъуэ щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, ипэ ит едзыгъуэм зи гугъу
щищI уэрэджыIакIуэ гупым мы цIыхухъуищри хохьэ. Еплъ 11:17 едзыгъуэми.

НэтӀэуэф пэгъунэгъуу щыс жылэхэми, Бэтджылджэли, Джыбэхь
щӀыналъэми, Азмэуэти къикӀри къэкӀуат. 30 Тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ хабзэм тету загъэкъэбза нэужь, лъэпкъри, дыхьэпӀэхэри,
мывэхъунэри ягъэкъэбзащ.

31 Сэ Ехьудейм и пашэхэр мывэхъунэм дэзгъэкӀуейри гупитӀ
къахэсшащ, фӀыщӀэхуэщӀ уэрэд жаӀэурэ цӀыхубэм хэту кӀуэну.
Мывэхъунэм тету зы гупым ижьырабгъу лъэныкъуэмкӀэ – Куэншыб куэбжэ дыхьэпӀэмкӀэ – иунэтӀащ. 32 Абы иужь иуващ Гуэщей,
ехьудей пашэхэм я ныкъуэр, 33 тхьэпщхэу Азэрей, Гъузер, Мэшу-
ламэ, 34 Ехьуд, Бенамин, Шэмей, Ерэмей сымэ. 35 Абыхэм ящӀы-
гъужт тхьэпщ щӀалэ накъырапщэхэу Йонэтан и къуэ Зэчрейрэ
(Йонэтан Шэмей и къуэт, Шэмей Мэтэней и къуэт, Мэтэней Мы-
хъей и къуэт, Мыхъей ЗэкӀур и къуэт, ЗэкӀур Ащэф къытехъукӀат)
36 абы и лъэпкъэгъу тхьэпщхэмрэ – Шэмей, АзэрэӀил, Мылэлей,
Джылэлей, МэӀай, НэтанрэӀил, Ехьуд, Хьэнэний сымэ. Абыхэм
Тхьэм и цӀыху Даут игъэдурысауэ щыта макъамэ Ӏэмэпсымэхэр
яӀыгът. А псоми дингъуазэ Гъузер я пашэт. 37 Псынэ куэбжэ дыхьэпӀэм нэса нэужь, цӀыхухэр Даут и Къалэм и мывэхъунэм дэкӀуеипӀэмкӀэ дэкӀуейщ, Даут и унэм блэкӀри, адэкӀэ къуэкӀыпӀэмкӀэ щыӀэ
Псы куэбжэ дыхьэпӀэмкӀэ кӀуащ.

38 ЕтӀуанэ уэрэджыӀакӀуэ гупыр адрей лъэныкъуэмкӀэ кӀуэрт.
Сэ, цӀыхубэм и ныкъуэр сщӀыгъуу, абыхэм яужь ситу мывэхъунэм
сытету Пэшхьэку чэщанэм сыблэкӀыу МывэхъунэшхуэмкӀэ сыкӀуэрт. 39 ЕфрэӀим дыхьэпӀэми, ДыхьэпӀэжьми, Бдзэжьей дыхьэпӀэми, ХьэнэнылӀ и чэщанэми, Щэ бжыгъэ чэщанэми дыблэкӀауэ
Мэл куэбжэ дыхьэпӀэмкӀэ дыкӀуэрт. ХъумакӀуэ дыхьэпӀэм деж
дыкъыщыувыӀащ.

40 ИужькӀэ Тхьэм фӀыщӀэ хуащӀу уэрэд жызыӀэ гупитӀым Тхьэм
и Унэм къащылъыс увыпӀэр яубыдащ. Ар дыдэр сэри, унафэщӀхэм я ныкъуэми, 41 тхьэпщ накъырапщэхэми – Елэчым, МэӀэсей,
Минамин, Мыхъей, Елэуэней, Зэчрей, Хьэнаней сымэ – тщӀащ.
42 Дэ иджыри ди гъусащ лэбийхэу МэӀэсей, Шэмей, Елизар, Ӏузей,
Йохьэнан, Мэлычей, Елэм, Азэр сымэ. ГупитӀым Йэзрэхей я пашэу уэрэд жаӀэрт.

43 А махуэм цIыхухэм къурмэн куэд ящIащ – Тхьэм абыхэм псо-
ми, цIыхубзхэри сабийхэри хэту, гуфIэгъуэшхуэ къаритат. ГуфIэгъуэ
макъхэр Ерусэлим пэжыжьэуи щызэхэпхырт.

### *Тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ зыхэпсэукIынур зэрагъэнэхуар*

44 А махуэ дыдэм тыхьхэм щыщу тхьэпщхэм хухахыр, япэу къра-
хьэлIэж гъавэр, жыгхэм япэу къапыкIэ пхъэщхьэмыщхьэр, гъавэм
и Iыхьэ пщIанэр зыщIэлъ хъумапIэхэр зыхъумэнухэр къыхахащ. Ха-
бзэмкIэ къалэхэм, яхъуреягъкIэ илъ губгъуэхэм я инагъым елъытауэ,
я гъавэм щыщ тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ я деж хъумапIэм къырахьэ-
лIэн хуейт. Тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ я къалэнхэр зэрагъэзащIэмкIэ
ехьудейхэр псори арэзыт. 45 Ахэр я Тхьэм хуэлажьэрт, къабзагъэ
хуэIухуэщIэхэр ирагъэкIуэкIырт, уэрэджыIакIуэхэмрэ бжэIутхэмри
я къалэнхэр ягъэзащIэрт, Даутрэ абы и къуэ Сэлмэнрэ къыхуащIауэ
щыта унафэхэм темыкIыу тетт. 46 Ижь-ижьыж лъандэрэ, Даутрэ
уэрэджыIакIуэ нэхъыщхьэ Ащэфрэ я лъэхъэнэм щегъэжьауэ, я
пашэхэр я гъуазэу уэрэджыIакIуэхэм фIыщIэхуэщI уэрэдхэр ягъэза-
щIэрт. 47 Зэрубабыли Нэхьэмии я лъэхъэнэм исрэIилхэм уэрэджыIа-
кIуэхэмрэ бжэIутхэмрэ зыхэпсэукIын ерыскъы махуэ къэс хуахьырт.
Адрей лэбийхэми я Iыхьэр щхьэхуэт. Абыхэм къыхуахьым къыхэ-
кIыу Хьэрун къытехъукIа тхьэпщхэм Iыхьэ хухахыжырт.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ IЫХЬЭ

### *ИсрэIилхэм хамэ лъэпкъхэм щыщхэр зэрызыхагъэкIар*

**13** 1 А махуэм Мусэ итхыжа Хабзэм макъкIэ цIыхухэм къахуе-
джэти, абы иту къахутащ зы амонеи зы мэуабеи Тхьэм
и жылагъуэм хэбгъэхьэ мыхъуну, 2 исрэIилхэм шыгъупIастэрэ
псыкIэ къазэрыпемыжьам, пщIэ щIату БэлэIэм къырагъэбгыну

зэрыхэтам щхьэкӀэ[a]. (Ауэ а нэлатыр ди Тхьэм и нэфӀкӀэ зэри-
дзэкӀыжат). 3 Хабзэм къигъэувыр къыщащӀэм, исрэӀилхэм хамэ
лъэпкъхэм къатехъукӀахэр зыхагъэкӀащ.

### *Тхьэм и унафэхэр цӀыхухэм ягъэзэщӀэну Нэхьэмий зэрыхущӀэкъуар*

4 Абы ипэ къихуэу тхьэпщ Елэшыб[b] пщэрылъ хуащӀат ди Тхьэм
и Унэм и хъумапӀэхэм кӀэлъыплъыну. Абы амоней къулыкъущӀэ
Тубей и ныбжьэгъути, 5 хъумапӀэхэм щыщ зы пэшышхуэ хуигъэхьэ-
зырат. Япэм а пэшым лэбийхэм, уэрэджыӀакӀуэхэм, бжэӀутхэм Ха-
бзэмкӀэ къыхуахь гъавэ тыхьхэр, бодыр*, хьэкъущыкъур, гъавэм,
санэ щӀэхуагъащӀэм, дагъэм я Ӏыхьэ пщӀанэр, тхьэпщхэм къалъыс
Ӏыхьэри хэту, щахъумэу щытат.
6 Сэ абы щыгъуэ Ерусэлим сыщыӀакъым. Бабылей паштыхь
АртӀэхъшастэ[c] тетыгъуэр зэрыӀэщӀыхьэрэ илъэс щэщӀрэ етӀуанэр[d]
екӀуэкӀыу сэ абы деж згъэзэжат. Зэман дэкӀа нэужь, паштыхьым
зыкъезгъэутӀыпщри 7 Ерусэлим къэзгъэзэжащ. Мыбы сэ къы-
щысщӀащ Елэшыб Тхьэм и Унэм Тубей пэш щыхухихыу мыхъу-
мыщӀагъэ зэрилэжьар. 8 Сыкъэгубжьри Тубей и хьэпшыпхэр зы
къэмынэу пэшым къыщӀэздзащ. 9 Пэш кӀуэцӀыр хабзэм тету езгъэ-
гъэкъэбзэжри, Тхьэм и Унэм щӀэт хьэкъущыкъур, гъавэ тыхьхэр,
бодыр щӀезгъэхьэжащ.
10 Абы нэмыщӀ къыщӀэзгъэщащ лэбийхэм къалъысын хуей
Ӏыхьэр ирамытурэ, дауэдапщэхэр езыгъэкӀуэкӀ лэбийхэмрэ уэрэд-
жыӀакӀуэхэмрэ щхьэж и губгъуэ илэжьыхьыжыну зэрагъэзэжар.

---

a 13:2 Ар къыщыхъуар исрэӀилхэр Мысырым къыщикӀыжырщ. Еплъ Пшахъуэ-
щӀым 22:1-6.

b 13:4 Мыбдежым зи гугъу ищӀыр 3-нэ, 12-нэ Ӏыхьэхэмрэ, 13:28-мрэ хэт тхьэпщ
Елэшыбу къыщӀэкӀынукъым.

c 13:6 Ар ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 465 гъэм щегъэжьауэ 424 гъэм нэс
паштыхьыгъуэр зи ӀэмыщӀэ илъа къэжэр паштыхь АртӀэхъшастэ Езанэрщ.
Къэжэрым Бабылей паштыхьыгъуэр къизэризэуаращ АртӀэхъшастэ бабылей
паштыхькӀи щӀеджэр.

d 13:6 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 433 гъэм.

[11] Тхьэм и Унэр зэрабгынам щхьэкIэ, сэ унафэщIхэм сехъурджэуащ.
ИтIанэ лэбийхэр зэхуэсшэсыжри щхьэж и IэнатIэм езгъэувэлIэ-
жащ. [12] Абы иужькIэ зэрылъэпкъыу гъавэми, санэ щIэхуагъащIэ-
ми, зейтун* дагъэми я Iыхьэ пщIанэр хъумапIэхэм кърахьэлIэн
щIадзэжащ. [13] ХъумапIэхэр зэрахьэну я пщэ ислъхьащ тхьэпщ
Щэлэмей, тхакIуэ Садыкъ, ПэдейкIэ зэджэ лэбий сымэ. Абыхэм
ядэIэпыкъуну Мэтэней и къуэ ЗэкIур и къуэж Хьэнан гъусэ яхуэс-
щIыжащ. Абыхэм уи дзыхь егъэз хъунути, хъумапIэхэм кърахьэ-
лIэр тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ трагуэшэну згъэуващ.

[14] Уи Унэмрэ абы щекIуэкI тхьэхуэIухуэщIэхэмрэ папщIэ злэжьа
псори уигу къэгъэкIыж, си Тхьэ! СынолъэIу, хыумыгъэкIуадэ си
IуэхуфIхэр!

[15] А махуэхэм сэ Ехьудейм щыслъэгъуат щэбэтым цIыхухэм
санэщIэхухэм жызумыр зэрыщапIытIыр, гъавэм щIыгъуу шыдым
санэр, жызумыр, ахъуэр, нэгъуэщI куэди зэрытралъхьэр. Щэбэт
махуэу а псори Ерусэлим яшэрт. Арати, сэ абыхэм быдэу яжесIащ
мы махуэм ерыскъы лъэпкъ ямыщэну. [16] Сур* щыщ ерусэлимдэсхэм
бдзэжьеи нэгъуэщI гуэрхэри Ерусэлим къашэрти щэбэт махуэхэм
ехьудейхэм иращэрт.
[17] Ар яхуэзгъэдэхакъым Ехьудейм и пашэхэм. «Щэбэт махуэр
фугъуэджу фщIэ мыхъумыщIагъэр сыт? – сехъурджэуащ абыхэм. –
[18] Ар дыдэр фи адэжьхэми ящIэу ди Тхьэм бэлыхь фыщIыхидзауэ
щытар аратэкъэ? Фэ иджыпсту щэбэт махуэр зэрывугъуэджымкIэ
Тхьэм и губжьыр нэхъ гуащIэжу ИсрэIилым къылъывогъэс».
[19] Щэбэт махуэм ипэ къихуэу, пшапэ зэхэуэгъуэм ирихьэлIэу,
дыхьэпIэхэр хуезгъэщIри щэбэтыр икIыху Iуезгъэхыжакъым. Къа-
лэм зыри къыдамышэфын хуэдэу, дыхьэпIэхэм си цIыхухэм ящыщ
Iузгъэуващ. [20] Зэи тIэуи сатуущIэхэр къалэм дэмыхьэфу Ерусэлим
и щIыбкIэ жэщыр щрахащ. [21] «Сыт мывэхъунэ лъабжьэм фы-
кIэщIэлъу нэху щIэвгъэщыр? – сехъурджэуащ абыхэм. – Иджыри
зэ апхуэдэу фщIэмэ, лIыгъэкIэ фыIуезгъэшынущ». Абы лъандэрэ
ахэр щэбэтхэм къэкIуэжакъым. [22] ИужькIэ сэ лэбийхэм хабзэм тету

зезгъэгъэкъабзэри, щэбэт махуэр ягъэлъэпIэн щхьэкIэ, дыхьэпIэхэр яхъумэну згъэкIуащ.

Ари уигу къэгъэкIыжи, си Тхьэ, уи гущIэгъушхуэм сыхыумыну гущIэгъу къысхуэщI!

[23] А псом ищIыIужкIэ, а махуэхэм сэ къэслъэгъуащ язынықъуэ
журт цIыхухъухэм я щхьэгъусэхэр Ашдэд, Амоней, Мэуабей зэры-
щыщыр. [24] Абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм и ныкъуэр ашдэдыбзэкIэ,
е нэгъуэщI лъэпкъыбзэкIэ псалъэрт, ауэ журтыбзэ ящIэртэкъым.
[25] Сешхыдэрт абыхэм, сегиерт. Си удын зытехуаи, зи щхьэц къис-
фыщIыкIаи яхэтщ. Тхьэм и цIэкIэ псалъэ быдэ къеIысхащ япхъухэр
хамэ щIалэхэм дамыгъэкIуэну, я къуэхэми езыхэми хамэ лъэпкъхэм
щыщ цIыхубзхэр щхьэгъусэ ямыщIыну.
[26] «Апхуэдэ нэчыхьхэратэкъэ исрэIил пащтыхь Сэлмэн гуэ-
ныхьым щIезыгъэгъэнар? – яжесIэрт сэ абыхэм. – Лъэпкъыу
щыIэм яхэтакъым апхуэдэ пащтыхь зиIэ. Ар Тхьэм фIыуэ
илъагъурти, ИсрэIил псом и пащтыхь ищIащ. Ауэ Сэлмэни хамэ
лъэпкъхэм щыщ и щхьэгъусэхэм гуэныхьым хуашащ. [27] Иджы
къызэрыщIэкIымкIэ, фэри, ди Тхьэм фепцIыжауэ, хамэ цIыхубзхэр
щхьэгъусэ фощI, а бзаджэнаджагъэр фолэжь».
[28] Тхьэпщ пашэ Елэшыб и къуэ ЙоIэдай и зы къуэр Хъуэрэн
щыщ Санболэт и малъхъэти, сэ ар зыбгъэдэзмыгъэхьэу Iусхуащ.

[29] Лэбийхэмрэ тхьэпщхэмрэ епщIылIа Iуагъэр къэзымылъытэу абы ебэкъуахэм къахуумыгъэгъу, си Тхьэ!

[30] Апхуэдэ щIыкIэкIэ хамэ лъэпкъхэм я хуэмэбжьымэу журтхэм
къащIихуар згъэкъэбзэжащ, тхьэпщхэмрэ лэбийхэмрэ дэтхэнэми
я къалэныр згъэбелджылащ. [31] Си нэIэ ятету пхъэри и чэзум къез-
гъэшащ, япэу къытрах гъавэри, жыгхэм япэу къапыкIэ пхъэщхьэ-
мыщхьэри кърезгъэхьэлIащ.

ФIыкIэ уигу сыкъэгъэкIыж, си Тхьэ!

## «Нэхьэмий и тхылъым» узыщрихьэлІэ фІэщыгъэхэм я псалъалъэ

***Лэбийхэр*** – Екъуб и къуэ Лэбий и щІэблэщ, исрэІил лъэпкъым и лІакъуэ пщыкІутІым щыщщ. Мусэ и лъэхъэнэм Тхьэм лэбийхэм ящыщ Хьэрунрэ абы и щІэблэмрэ тхьэпщ хьэкъыр и пащхьэ щрахьэкІыну къыхихат, а къудамэм щымыщ лэбийхэм тхьэпщ къуэдзэу щытыныр къахуиухат.

***МазэщІэ тхьэлъэІу*** – Мазэм теухуа махуэгъэпсым иригъуазэ исрэІилхэм мазэщІэр къэунэху къэс Тэурэт Хабзэм тету мазэщІэ тхьэлъэІу ящІу щытащ.

***Сур*** – ЩІыкурытыхым и Іуфэм Іуса, къэрал гъэпсыкІэ зиІа фынкІей къалэшхуэщ, ИсрэІил хэгъэгум и ищхъэрэкІэ щыІа хэгъэгущ.

***ТХЬЭ*** – Хьэрфышхуэ защІэкІэ тхауэ ди зэдзэкІыгъэм узыщрихьэлІэ «ТХЬЭ» псалъэм къигъэлъагъуэр журтыбзэ текстхэм хьэрфиплІу зэхэту къыщыкІуэ «ЙХВХ» псалъэращ. Тхьэм Муси исрэІилхэми закъызэрыригъэцІыхуауэ щытар а цІэмкІэщ. Езы псалъэр «щыІэн» мыхьэнэр зиІэ пасэрей журт псалъэм къытекІыу къыщІэкІынущ. И ІукІэ дыдэр нахуэу щымытми, щІэныгъэлэжьхэм ар «Яхве» къэпсэлъыкІэм нэхъ пэблагъэу хуагъэфащэ.

***Тхьэпщ*** – ТхьэхуэІухуэщІэхэр зэфІэзыгъэкІ, а хьэкъыр зи пщэ дэлъ цІыхущ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткІэ, тхьэпщыр Мусэ и къуэш Хьэрун и щІэблэм щыщын хуейщ. Абыхэм тхьэпщ хьэкъыр япэ щІыкІэ Шэтыр ЛъапІэм щрахьэкІащ, иужькІэ я къалэныр Тхьэм и Унэм щагъэзащІэу хуежьащ. Абыхэм я пщэ дэлът тхьэхуэІухуэщІэ Іуэхугъуэхэр зэрагъэкІуэну, къурмэн ящІыну, дауэдапщэхэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъыну. Тхьэпщхэм ядэІэпыкъурт лэбийхэр.

***Уримрэ тумимрэ*** – Тхьэм и унафэр зыхуэдэр къащIэн щхьэкIэ тхьэпщхэм зэрахьэ кIэнхэм арат зэреджэр. ФIыцIагъэ ЛъапIэм зыщIыпIэ дежи нахуэу къыщыхэщкъым а унафэр къызэращIэу щыта щIыкIэр, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, тхьэпщ кIэпхыным дыщэ лэрыпскIэ епха бгъэIулъым илъ кIэн лъапIэхэр кърахырти ядзырт, Тхьэм и унафэр зыхуэдэри абыкIэ къащIэрт. «Урим» псалъэм «нэху», «тумим» псалъэм «нэгъэса», «дагъуэ зимыIэ», «сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ» жиIэу аращ къикIыр.

## «Нэхьэмий и тхылъым» узыщӀрихьэлӀэ псалъэ гурыӀуэгъуейхэм я псалъалъэ

***Благъуэ*** – ӀуэрыӀуатэм хэту узыщӀрихьэлӀэ, щӀыгуми хыми щыпсэу, нэхъыбэм блэм и теплъэр зиӀэ, щхьэ зыбжанэ пыту зэзэмызэ къэгъэлъэгъуа псэущхьэ шынагъуэ.

***Бод*** – мэ гуакӀуэ зиӀэ сагъыз лъэпкъ, псом хуэмыдэу тхьэхуэӀухуэщӀэхэм къыщагъэсэбэп.

***ГущӀэгъулы*** – гущӀэгъу зиӀэ.

***Дарэгъу*** – дэджэгуэгъу, гъусэ, зы Ӏуэху зэдэзыщӀэ.

***Жумартагъ*** – хьэлэлагъ.

***Зейтун*** – илъэс хъурейкӀэ пщӀащэ зыпыт жыг лъэпкъ, къыпыкӀэм дагъэ къыщӀапӀытӀыкӀ, «олива» жыхуаӀэращ.

***Къыдыр*** – цӀыхухэм зэрахуэ псэущхьэ, шыд хакӀуэр шыбзым техуэу къалъхуа Ӏэщ.

***ЛӀакъуэлӀэш*** – и лъэщагъкӀэ, тетыгъуэ иӀэкӀэ пщым къыкӀэлъыкӀуэу щыта уэркъ лъэпкъ; мыбы зэрыхэтымкӀэ – ӀэнатӀэ лъагэ зиӀэ цӀыху лъэрызехьэ, тепщэныгъэ зиӀэ, куэд зыхузэфӀэкӀ.

***Скъар*** – цӀыхухэм щхьэщэ зыхуащӀ, мывэм, пхъэм, дыжьыным е дыщэм къыхэӀущӀыкӀауэ цӀыхум е псэущхьэм и теплъэ зиӀэ.

***Ут*** – цӀыхухэр щызэхуэс щӀыпӀэ хуит.

***Хьэкъулэ*** – къэралым лъысу цӀыхухэмрэ ӀуэхущӀапӀэхэмрэ я мылъкум, хэхъуэм къыхагъэкӀ Ӏыхьэ.

***Хьисэп*** – мурад, гуращэ.


Ерусэлим мывэхъунэмрэ ар къыдэзыщІеижахэмрэ
«Нэхьэмий» тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ
йэрыхъуэдэсхэр
ЗэкІур
Бдзэжьей дыхьэпІэр
Хьэсэней и къуэхэр
МэрэмытІ
Мэшуламэ
Садыкъ
тІакъуэдэсхэр
ДыхьэпІэжьыр
ЙоІэдайрэ Мэшуламэрэ
Мэлэтей Йадэнрэ
Іузэлил
Хьэнаней
Ефрэим дыхьэпІэр
Арэфей
Йадей
Хьэтуш
Мэлычейрэ Хьэшубрэ
Хьэку чэщанэр
Щалум
Псыхъуэ дыхьэпІэр
Хьэнунрэ Занэуэхъу къалэм дэсхэмрэ
Шулэм псыІыгъыпІэр
Пащтыхь жыг хадэр
Куэншыб дыхьэпІэр
Мэлычей
Хьэнэнылl и чэщанэр
Щэ бжыгъэ чэщанэр
Елэшыб
Хъумакlуэ дыхьэпІэр
Мэл дыхьэпІэр
дыщэкІхэмрэ сатуущІэхэмрэ
плІанэпэм хэт пэшыр
Мэлычей
ПлъапІэ дыхьэпІэр
Мэшуламэ
Хьэнанейрэ Хьэнунрэ
КъуэкІыпІэ дыхьэпІэр
Шэмей
Садыкъ
тхьэпщхэр
Шы дыхьэпІэр
тІакъуэдэсхэр
Псы дыхьэпІэр
Пэдей
Пэлал
Бинуй
Азэрей
Бенаминрэ Хьэшубрэ
Ерусэлим и Іэгъуэблагъэхэм щыпсэу тхьэпщхэр
МэрэмытІ
Бэрыхъу
Азэр
Бинуй
Хьэшэбей
Архьум
Даут и кхъэлэгъунэхэр
Нэхьэмий
Псынэ дыхьэпІэр
Шалэ
Благъуэ псынэр
Тхьэм и Унэр
лэбийхэм пщылІу иратахэр зыщыпсэу Уэфэл Іуащхьэр


Хы ФIыцIэ
ЛУД
ЕРМЭЛЫ
Хы Кӏаспий
МЫД
ПАРТЕЙ
Нинуй
Ахъмэт
КЪЭЖЭР
Шушан
Щам
Щэмэрей
Ерусалим
Бабылей
Щlыкурытых
Моф
Парсэ
ХЬЭРЫП
МЫСЫР
Къэжэр хыжьэ
Тибэ
Хы Плъыжь
Анып
Къэжэр пащтыхьыгъуэ
©UBS, 1999

**Нэхьэмий и тхылъыр**
Книга Неемии на кабардино-черкесском языке
Book of Nehemiah in Circassian (Kabardian) (ISO: kbd)

Тираж 20 экз.